ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№63 (22.721) ● 2014 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 3, махуэку ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

МафIэсхэмрэ псыдзэхэмрэ защыхъумэным щытопсэлъыхь

Лэжьыгъэ пIащIэгъуэхэр езыгъэкIуэкI IэнатIэхэр мафIэсхэмрэ псыдзэхэмрэ нэхъ щыятэ гъатхэ, гъэмахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым теухуа урысейпсо видеоконференцыр дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий.

Конференцым щыжаIащ Iуэху гуэвзгъуэу къыкъуэкIынкIэ хъунухэм апэщIэтыным Къэбэрдей-Балъкъэрыр мыбзаджэу зэрыхуэщIар.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапэ.

● Дыгъуасэ

Лъэныкъуэ псори къызэщIиубыдэу

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкIуэкIа зIуIущIэм лъэныкъуэ псори къызэщIиубыдэу щызэпкърихащ республикэм и щIыпIэхэмрэ жылагъуэхэмрэ къабзагъэ къыщызэгъэпэщыным и Iуэхум щыгъэтрихьа ныкъусаныгъэ инхэр. Абы иригъэблагъащ Парламентым и депутатхэр, Правительствэм щыщхэр, хабзэхъумэ, къэнщытакIэ-кIэлъыплъакIуэ Iуэхущ Iапэхэм, Жылагъуэ палатэм, муниципалитет щIыпIэ дзэжьыгъуэ псоми я унафэщIхэр, Iэнатl-э щхьэхуэхэр зейхэмрэ ахэр зезыхьэхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм ехьэкI хэмылъу къигъэлъэгъуащ муниципалитет щIыпIэхэм я санитар-экологие щытыкIэр зэзыгъэзавэ зэрыхъуар, абы икIэщIыпIэкIэ унафэ пыухыкIа къыхуагъэтыну къаэрыпэщытыр. Щапхъэ наIуэхэр къихьурэ, КIуэкIуэ Юрий тегуэвыхьу къытеувыIащ дыкъэзыухъурееихь дунейр зэрауIэпIым дызыхуишэнкIэ хъунум, абы пхуэмыгъэзэкIуэжыну хэщIыныгъэ къыхэзрихьынур дэтхэнэ зыми хьэкъыу япхыкIын зэрыхуейр. Республикэм и щIыналъэхэр зыхуэхIуа санитар-экологие щытыкIэ хьэлъэ теухуа видеофильмым зэхуэсахэр иригъэпльа нэужь, КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм къыхигъэщащ муниципальнэ щIыналъэхэм, къэпщытакIуэ-кIэлъыплъакIуэ IэнатIэхэм, нэгъуэщI Iуэхущ Iапэхэм я лэжьыгъэм арэзы зэрытемыхьэр икIи гъащIэмрэ зэманымрэ къагъэув къалэнхэр фIэкIыпIэнщэу ягъэзэщIэну яхуигъэуващ.

ЗэIущIэм хэтащ республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я Унафэщ Iуэху Чеченов Ануар, Храмов Константин, Къэбэрдей-Балъкъэрымкl федеральнэ инспектор нэхьыщхь Вербицкий Алексей, Iуэхур зэхьэлIа IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХъыбарыщIэхэмкIэ зэхъуэжэну зэгурыIуащ

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щрагъэкIуэкI информацIэ политикэр зэIубз щIыныкIэ къэув къалэнхэм щытепсэлъыхьащ иджыблагъэ Мэхъэчкьалэ щекIуэкIа семинарым. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэри хэтащ.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Дроздов Игорь къыхэрыджIэжамкIэ, а зэIущIэм Iэ щыщIадзащ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм и субъектхэм я къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органэр зэщIыгъуу информацIэ политикэр пхыгъэкIыным зэрелэжьыну я мурадым теухуа меморандумым. Абы къыхэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, щIыналъэхэр егупчыщу хъыбарыщIэхэмкIэ зэхъуэжэным, апхуэдэу терроризмэрэ экстремизмэмрэ информацIэм и Iэмалхэмкlэ апэщIэувэным.

ДЖЭДГЪЭФ Маринэ,
КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацIэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ Iапэ.

● Жылагъуэ советхэм

ЩытыкIэм зихъуэжын щхьэкIэ

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм деж щыIэ Жылагъуэ советым и зэIущIэм республикэм бдзэжьей гъэхъуным щигъуэт гулытэр зыхуэдэмрэ абы зегъэужьыныкIэ щыIэ хэмылIэхэмрэ щыгъэпкърахащ.

МИНИСТР Щыхьмырзэ Мухьэмэд и докладым кьыззэрыщыхигъэщамкIэ, а Iэнатlэр щытыкIэ гугъум итщ. Щхьэусыгъуэр бдзэжьей хозяйствэм зегъэужьыныкIэ лэжьыпхьэхэр щыубзыхуа программэ нэгъэса зэрыщымыIэрщ.

Мы зэманым республикэм и бдзэжьей гъэхъупIэхэм гектар мини 3 яубыд. Абы и зэхуэдитIыр кьагъэсэбэпыркъым. ЖьэгъущIэс щыпIэм щыIэу кьэралым кьыхуэнэжа хозяйствэ закъуэр - «КъэббалькъбдзэжьейгъэхьупIэ» ОАО-р 2009 гъэ льандзрэ лажьэркъым. Цыху кьэс тещIыкъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым бдзэжьейхэмкIэ кьыщагъэсэбэпыр килограммиблиц е зыхуейм и процент 30-щ.

Щытыкlэм зихъуэжын щхьэкIэ, финанс Iуэхури хэту, республикэм бдзэжьей хозяйствэмкIэ и комплексым зэрызыужьыну программэ дийн хуейщ. Апхуэдэу, зейм емыльытауэ, а Iэнатlэм и кьудамэ псори гъэхуауэ дунэтIыпхьэщ, - жIащ министрым.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал, граждан къулыкъущIэхэм зыпэрыт Iэнатlэр зэрырахьэкIын хуей щыкIэм теухуауэ хуагъэувэкIэ зэрагъэзащIэмрэ лъэныкъуэхэм я зэныкъуэкъуэкIэ дагъэкIынымкIэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» 2010 гъэм щыщхьэуIум и 27-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкIа Указ №985-УП-мрэ а Указымкlэ къащта Положениемрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал, граждан къулыкъущIэхэм зыпэрыт Iэнатlэр зэрырахьэкIын хуей щыкIэм теухуауэ хуагъэувэкIэр зэрагъэзащIэмрэ лъэныкъуэхэм я зэныкъуэкъуэкIэ дагъэкIынымкIэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» 2010 гъэм щыщхьэуIум и 27-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкIа Указ №985-УП-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал, граждан къулыкъущIэхэм зыпэрыт Iэнатlэр зэрырахьэкIын хуей щыкIэм теухуауэ хуагъэувэкIэр зэрагъэзащIэмрэ лъэныкъуэхэм я зэныкъуэкъуэкIэ дагъэкIынымкIэ комиссэхэм ятеуха Положенэу а Указымкlэ къащтамрэ мы къыкlэлъыкlуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Указым и пункт 5-м хэт «хуэгъэувэн» псалъэр апэ кьиухуэу дащIыгъужьи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и органхэм я деж къыщызэрагъэпэща жылагъуэ советхэм» жIэу;

б) Положением:

и пункт 7-м и «б» пункт къуэдзэм хэт «лэжьакIуэхэр» псалъэр зэхъуэкIын «корруп-цэм пэщIэтынымкIэ» жIэу;

пункт 8-р мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу къохьын:

«8. Къэрал органым и Iэтащхьэм унафэ кьищтэ хъунущ мы къыкlэлъыкlуэхэр комиссэм хэгъэхьэным теухуауэ:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органым и деж къыщызэрагъэпэща жылагъуэ советым и лIыкIуэр;

б) щIэIэ хабзэхэм тету къэрал органым щылажьэ профсоюз зэгуэхэныгъэм и лIыкIуэр.»;

пункт 9-м хэт «лэжьакIуэхэр» псалъэр «корруп-цэм пэщIэтынымкIэ» жIэу зэхъуэкIын, «къызэрагъэпэщар» псалъэм ипэ кьихуэу дэщIыгъужьи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и деж щIэIэ жылагъуэ советым щIыгъуу» жIэу;

пункт 15-м и «г» пункт кьуэдзэм хэт «къэрал» псалъэр «граждан» жIэу зэхъуэкIын.

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм гъатхэпэм и 24-м
№72-УГ

УнафэщIыр зэрехъуэкI

УФ-м и Президент Путин Владимир дыгъуасэ Iэ тридзауэ Волгоград областым и губернатору лэжьа Боженов Сергей и пIалъэр къэмысу и къулыкъум текIыну зэрыхуейм теухуауэ итха лъэIум.

А къалэнхэр пIалъэкIэ игъэзащIэну къэрал Iэтащхьэм пщэрыльэ щищIащ Урысейпсо цIыхубэ фронтым и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Бочаров Андрей.

«Бочаров Андрей хэкур ихуэмащ, Урысейм и Лы-хъужьыщ, - жIащ Къэрал Думэм и Унафэщым и къуэдзэ Неверов Сергей. - Ар хэкупсэ нэсщ, къэрал Iэхуэхэм, а щIыналъэм щыIэ щытыкIэмэ фIы дыдэу хэзыщIыкI Iэщ IагъэлIащ. Шэч кьытетхъэркъым ар а лэжьыгъэм Iэижь зэрыхуэхъунум».

Доллар мелард хухах

США-м и Конгрессым арэзы щытехъущ Украинэм доллар зы мелард щIыхуэу етыным теухуа законопроектым. Сенатым хэтхэм ящыщу 378-р абы и телъхьэщ, 34-м ар яфIэтэмэмкъым.

Законыр къэралым и президент Обамэ Барак хуагъэхьащ Iэ щIидзын папщIэ. Абы и администрацэм кьызэритамкIэ, къэрал унафэщIри щыгуфIыкIащ а законопроектыр Конгрессым зэрыщIпхьыкIам. А проектым кьызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, США-м и сыт хуэдэ банкми, зыкIи темышынхьэу, доллар мелардыр Украинэм хуиутIыпщ хъунущ, зыгуэр кьэхъу хъужьыкъуэмэ, америкэ правительствэм ар кьаритыжьну шэсапIэ йоуэвэри.

Псыдзэм зыщахъумэу

Хы Щэхум и лъащIэм щIыр зэрыщыхъеям толъкъунхэр кърихужьэнкIэ шынагъэ зэрыщIым теуха хьыбар кьызэрату. Чилим щыщ щIыху мин 900 псы Iуфэм Iус жылагъуэхэм кьыдагъэIэпхъукIащ.

Ар икъукIэ и чэзыуэ ялэжьа Iуэхуу зэрыщытар иужькIэ наIуэ кьэхъуащ - метриті зи лъагагъ толъкъунхэм я къарур псом япэу щагъэлъэгъуащ Чилим и Икике кьалэм. Абы, я нэхъ мащIэрамэ цIыхуитI щыжькIуэдащ, зыбжанэми фабжьхэр щагъэуащ. Сейсмологхэм кьызэралъытэмкIэ, гъуэжьыкуиишхуэр иджыри кьатегупIэнкIэ хъунущи, мыбэлэрыгъмэ нэхъыфIщ.

Бэрэжьей пщэдджьыкъым щIыр зэрыхъеяр щызыхащIащ Перуми, Боливиеми, нэгъуэщI къэралхэми. Я цIыхухэр псыдзэм щыхъумэным хуэунэтIауэ зыхуэфащэ Iуэхугъуэхэр абыхэми щызэфIагъэкI.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 3, *махуэку*

◆1904 гъэм Кавказ бригадэм хьыкъ Къэбэрдей щуиищэ гупыр къызэрагъэпэщауэ щытащ.

◆Къэрал, парт лэжьакIуэ, дипломат, СССР-м и лы-кIуэу Сирием щыIа, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и президенту щыта Дзасохов Александр и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

◆ЩIэныгъэлI, РАН-м и академик, Москва къэрал университетым и ректор **Садовничий Виктор** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

◆Усакlуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Кьуий Щырхьымбий** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритемкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 10, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 4, *мэрем*

◆Лагъымхэм кьахь шынагъуэр зыхуэдэм, абы зэрыщыщIхъумэфыну щIыкIэхэм щIыхуэр щыгъэгъуэзэным и дунейпсо махуэщ

◆ Сенегал Республикэм и лъэпкъ хахуэшхуэщ - щхьэхуит щыхъуар егъэпIащI.

◆ Мамырыгъэмрэ лъэпкъ зэкъуэтыныгъэмрэ я махуэр егъэлъапIэ Анголэ Республикэм.

◆ 1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я оргбюро къызэрагъэпэщащ.

◆ 1945 гъэм Дзэ Пльыжьым Венгриер хуит кьищIыжащ.

◆1949 гъэм США-м, Великобританием, Франджым, Бельгием, Нидерландхэм, Люксембургым, Канадэм, Италием, Португалием, Норвегием, Данием, Исландием я лIыкIуэхэм Вашингтон Iэ щытрадзауэ щытащ НАТО дзэ-политикэ зэгурыIуэныгъэр къызэрызэрагъэпэщым теуха зэгурыIуэныгъэм.

◆Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, адыгэхэм я къэкIуэкIыкIар зыджа **Кокиев Георгий** къызэралъхурэ илъэсэ 118-рэ ирокъу.

◆Къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Абхъаз Республикэм и етIуанэ президенту щыта, АР-м и ЛIыхъужь **Бэгъэпщ Сергей** къызэралъхурэ илъэсэ 65-рэ ирокъу.

◆Усакlуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емыжь Мулиэт** къыщалъхуа махуэщ.

◆Философие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Дунейпсо гуманитар академием хэт, УФ-м щIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэтъуэтыныкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБКъУ-м и проректор **Къумыкъу Iэуес** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритемкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 10, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Сабий тхылъым и дунейпсо махуэм

Ныбжьыщ Iэхэм я библиотекэм, Мечиев Кязим и цIэр зезыхьэм, концерт щатащ. Ар теухуат Сабий тхылъым и дунейпсо махуэм.

ЩIэныгъэр къыщежьэр

IУЭХУР къызэрагъэпэщащ Ныбжьыщ Iэхэм я библиотекэмрэ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм щIыхуэхэм Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныкIэ и Iуэхущ Iапэмрэ.

Зэхьыхьэм кьрихьэлIахэр хагъэгъуэзащ Сабий тхылъым и махуэр дунейпсо зэрыщагъэлъапIэм и тхыдэм, иджырей гъащIэм абы щиIэ мыхьэнэм, щIэныгъэм и къежьапIэу ар зэрыщытым.

ТхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэу КIыщокъуэ Алим, Пащ Iэ Бэчмырзэ, Мечиев Кязим сыми я юбилейхэм иригъэлIэу иджыблагъэ иригъэкIуэкIа «И останутся имена», «И слово будоражит души» республикэ зэпеуэхэм кьыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэм дипломкэр ираташ, «Разумники» тыкуэным кьыбгъэдэкIа тхылъ саугъэтхэмкIи щыкIуэхэм яхуэпсащ.

Сабийхэр упщIэ - жэуап щыкIэм тету ягъэджэгащ. Таурыхъэхэмрэ абыхэм къыхэщ Iыхьыжьхэмрэ я цIэхэр щIэх дыдэу щыкIуэхэм къызэращIэмкIэ гурыIуэгъуэт абыхэм тхылъ еджэну зэрафIэфIыр.

Зэхуэсахэм я нэгу зрагъэужащ Гъуазджэхэмкlэ сабий школ №1-м и гъэсэнхэу Бейтыгъуэн Расинэ, ШкIэжь Беслъэн, Балъкъэр Миланэ, Чамаев Магомет, КIэщт Айдэмыр, Кушмэзокъуэ Таубий, Пшенищын Данил, нэгъэщIхэми.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр
Мамий Руслан *трихащ.*

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Къэзыдыгъур зы гуэныхьщи, зыфIадыгъур гуэныхьищэщ.

Газетхэмрэ журналхэмр Iэ щIэвдз хъунущ

2014 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къраГъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ нобэ щегъэжьауэ Iэ щыщIрагъэдэ «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Iуэхущ Iапэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и пощт Iуэхущ Iапэ» псоми.

Республикэм и пощт лэжьакIуэхэм цIыхухэм Iэ зыщIадза газетхэмрэ журналхэмрэ и зэманым къринубыдэу унагъуэхэм хуахьыщу е ахэр пощтым и Iуэхущ Iапэхэм щыщезыIыхьыжыну хуейхэм апхуэдэ Iэмал иратынущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыным пыщIа Iуэхухэм фэ нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыщыфщI хъунущ пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ Iапэмэ.

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Iуэхущ Iапэм и къудамэу КъБР-м щыIэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

● Къырым

Зыгъэпсэхупlэ къудейкъым...

Урысей Федерацэм кьыхьхьа Кърымымрэ Севастополь кьалэмрэ зыгъэпсэхупlэщ, ауэ абы и закьуэкьым - ахэр икlи lулъхьэхэр куэду щызекlуэ, щlэпхьаджащlэхэр щызекlуэ щыналъэщ. УФ-м и МВД-р хуабжьу егъэпlейтей коррупцэм зэщlибла щыпlэ милицэм и щытыкlэм. Абы и лжьакlуэ я зыныкъуэхэр зыгъэуувар коммерцэм хэтхэрщ, наркотик зыщхэхэрщ. Ильэситl и пэкlэ хытlыгум мылькур щlэрыщlэу щагуэшыжу хуежьащ икlи кьалэхэм шэ фий макьхэр махуэ щэджагъуэми щызэхах.

2013 гъэм мазаем и 26-м Калашниковым и автоматымкlэ яукlащ Сюмеиз курорт кьалэ щыпlум и Iэтащхьэ Костенкэ Кирилл. Лыукlым и «Жигули»-р мафlэм исауэ Кошкэ бгым кьыщагъэтыжащ, езыр lыкьуэрыгъажжкlэ щlэпхьуэжащ. Щlэпхьаджагъэм куэд тепсэлъыхьащ. «Батькивщина» партым и щэкlэ депутат Денисовэ Людмилэ ткlийуэ жиlащ: «Сэ илъэс куэд хьуауэ Кырымым сыщопсэу, ауэ сщlэжьыркъым иджы хуэдэу уэру лъы ягъэжауэ. 90 гъэхэм мылькур, фабрикзхэр, заводхэр яхуэзэрымыгъэгушу щlэпхьаджащlэхэр зэпэщlэувэрт. Ауэ кьалэ lэтащхьэхэр яукlыртэхьым».

Яукlа унафэщlым и лэжьапlэ пэшыр кьыщащым хабзэхьуэмэхэм тхьыль куэд кьагъуэтащ тенджыз lуфэ щlэгектархэр, пансионатхэр кlэпlейкlэ бжьыгъэкlэ и lупэфlэгъуэхэм зэрарищам и щыхьэту. Костенкэ щlалъхьащ хуабжьу ягъэлъапlэу. Хьэдэм lупльэжьну кlуащ щlыкъу 200-м нэс. Абыхэм яхэтт депутатхэр, кьулыкъущlэхэр, щlэпхьаджащlэ гупхэм я пашэхэр. Иужьрейхэм «Ди кьуэшыжьхе! Уэ сыт щыгъуи дигу уилъынущ» псалъэхэр зытетха щэкlэ кьащхьэм трагъахьащ.

Я «кьуэшыжьхьм» и кьекlуэкlыкlар зэрыкьэлэмэтыр белджылы кьэхьуащ: 90 гъэхэм я зэхуэдитlым ар тlэунейрэ хабзэхьуэхэм япэщlэхуат - зэм хьэрычэтыщlэм зэрытеуам, зэм lулъхьэ кьыз зэрыlихам папщlэ. Украинэм и Iэтащхьэ Костенкэ щlалъхьащ хуабжьу зэрыщlэгъуэзэмкlэ, ар жьджэгу зэрыщlэщ «Бэщмакъэр» зэщlэгъэзыIуа щlэпхьаджащlэ гупым.

Сыт зищlысыр «Бэщмакъэр»?

Зи гугъу тщlы гупышхуэр кьэунэхуащ блэкlа lэщыlгъуэм и 80 гъэхэм. И нэхъыбэр кьрым вузхэм щеджэхэрт, боксёру, бэнакlуэ щытахэрт. Абы и Iэтащхьэу щытахэщ Башмаков Виктор (яукlа), абы и Iыхьлыхьэу Шолохов Павелрэ Комягин Станиславрэ. Гупыр псори зэхэту цыхьу мин 1,5-рэ хьурт. Щlэпхьаджащlэхэм цыхьухэр яхьунщlэрт, яукlыртэ, бззэрэгъэ я нэмэ щагъэуват. Ахэр кьрым милицэм, прокуратурэм, СБУ-м (ФСБ-м ещхьу кьалытэ) быдэу япыщlат. «Бэщмакъхэм» яукlауэ кьалъытэ «Динамо» ФК-м (Саки кьалэ) и унафэщl Исаев Мамед, партым и XIX съездым и цlэр зезыхьэ колхозым и Iэтащхьэ Сироштан, Симферополь и кьалэ Советым и депутатхэу Мишак (Кривоножкэ) Сергейрэ Вишняков Александрэ, «Альфа» СБУ-м и Iэнатlэм и лэжьакlуэу щыта Кириллин Владимир сыми. 1998 гъэм мазаем гупым щыщхэм «Таврия» зыгъэпсэхупlэм кьыщагъэуа лагъымым иукlащ Кьрымым и Министрхэм я советым и унафэщlым и кьуэдзэ Сафонцев Александр.

2009 гъэм «Бэщмакъхэм» я мурадащ Симферополь и прокуратурэм гранатэкlэ еуэну, арщхьэкlэ зыгъэрым кlакьэр имыгъэзуэ щичри, гранатэр прокуратурэм бгъурыт унэм техуащ. Одессэ областым и апеллящэ судым щигъэбыдащ «Бэщмакъхэм» ящыщу 22-м яхуэгъэза тезыр: ирагъэщlэкlэ лъэхъуэщым исынущ, 6-м илъэс 13-м кьащщlэдзауэ 15-м нэс ялысащ, адрейхэри Iыхьэншэ хьуакъым. Мы зэманым дуней псом кьыщалыхьуэ щlэпхьаджащlэ гупым и Iэтащхьэу щытахэм ящыщу кьэнахэр.

Иужькlэ

Симеиз и Iэтащхьэ Костенкэ и ужькlэ шэр лъэIэсащ Феодосие кьалэм и унафэщlэ Бартенев Александри: 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м автомашинэр гаражым щигъэувэжу кьулыкъущlэр езым и унэ щыхьэпlэм зэрынэсу, фоч уэ макъ кьlуащ. Бартеневыр сихьэт бжьгъэ нэхъ дэмыкlыу сымаджэщым щlэлIыхьащ. Ар зэрауэ фочыр нэгъуэщ уголовнэ Iуэхуми хэпщlауэ икlи Тернополь областым щыlэ УМВД-м и лэжьакlуэхэм экьхапэм ягъэсауэ ягъэIуауэ кьыщlэкlащ.

Радэм и депутат Москаль Геннадий зэрыжиlэмкlэ, 90 гъэхэм Бартеневым «Майор» цlэ лейр иlащ икlи Белый и щlэпхьаджащ: гуп зэщlэгъуэ Iуам жыщхэру хэтащ. Депутатым жеIэ: «Бартеневыр Iуэхащ тенджыз Iуфэм и гъунэр щlэрыщlэу зэрызэхуагуэшым е щыдагъэхэкlэхэмкlэ хабзэм емыззэгъыу сату зэращым кьыхэнlыу. Щыдагъэхэкlэр ядыгъу: кхъуэкьыр тенджызым кьыщагъэувыIэри, итым и нэхъыбэр ираш».

Иужь зэманым кьэхьуахэр. Мазаем кьриубыдэу яукlащ «Пэумберг» ухуакlуэ фирмэр кьыз зэзыгъэзэща Бережниский Виктор, «Малибу» нэгъуэжьыпlэ Iуэхущlапlэр зей Чорохян Степан сымэ.

...Кьрымым и МВД-м и ухуэкlэр зыкlи кьыщхэщыкlыр кьым Урысейм и щыналъэ нэхъ инхэм я полицэ Iуэхущlапlэ нэхъыщхьэхэм. Пэжщ, Урысейм кьыз зэрыщхьэщыкl Украинэм иджыри щыlэщ. ЗэщlэгъэуIуауэ ялэжь щlэпхьаджагъэхэм ящlэгъэтыпымкlэ кьудамэр иджыри мэлажьэ. Нэгъуэщl дыз зэмысахэми дащыхуоз: Цlыхуэхэр ящэн-кьэщхуным егъэщlылIа щlэпхьаджагъэхэм ящэщlэтыныжкlэ кьудамэ, ОВД-м лъпкъхэм я зэхущытыкlэр егъэфlэкlуэныжкlэ и лэжьыгъэр зыгъэхьэжьауэ щыта Урысей офицерхэри. Ахэр кlуэр-къэкlуэжу лэжьэну арагъэнущ. Кърымым и прокуратурэри СБУ-ри «ягъэжьбзэнущ».

Кърымым щlэпхьаджагъэ куэдыкlей щалэжь, ауэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэр зыхуэзэр Севастополь кьалэрщ.

Хьэгъэщагъэхэри нэхъ мащlэкъым. Гъэмахуэм цlыху куэд щызэхуэс зыгъэпскlыпlэхэм зэрохь бзаджащlэхэр, нэгъуэщl хьэмшомхэр. Хытlыгум щыпсэхуэм я нэхъыбэм я хадэхэм щlэп щагъэкl. Кьуэнэхуа «фермер» гуэрым зы гектарым щигъум щlэп кьыщигъэкlыу иджы дыдэ кьыщlагъэщащ.

Езыхэм я закьуэкъым

Кърымым и дэтхэнэ кьали дэсщ «псоми якlэлъапlлъхэр». Абыхэм кьаугъэхэр зэфlах, ахьшэри кьыхах. ЖьIэмыдаIуэхэр яIэщlэкlынукъым: псалъэм и хьэтыркlэ, нэгъабэ и щыщхьэуIум «Минай»-кlэ зэджэ «кlэлъапlлъакlуэм» Джаныкьуей кьалэм кlэрахьуэжьэ щэджагъуэм щиукlауэ щытащ бэзэрым сату щызыщlэ щыбжанэ.

Щlэпхьаджащlэхэм ящыщу Кърымым нэхъ щыщlэрыIуэхэщ Макаров Виктор (Белый), Пырхэ Виталий (Москва щаубыдащ), Кекелие Сосо (Потийский Сосо), Макалатие Кахэ (Новороссийский Каха), Якунин Анатолий.

Хьэгъэщагъэ зэфlэкlыщхуэ щаIэщ зи лъэпкъэгъуэхэр хьэзырыткlэ (дань) щIэзыгъэна кьрым тэтэр щlэпхьаджащlэ гупхэми. «Алыджхэр» щlэпхьаджащlэ гупхэми езыхэм я Iыхьэ яIыгъыжщ.

А псоми кьадзкlуэу кьрым тенджыз Iуфэр ягу ирихьащ Урысейм щlэпхьаджагъэ и лъэныкъуэкlэ щlэрыIуэ щыхьуахэмэ. МВД-р зэрыщыгъуаззэмкlэ, Украинэм и Iэнатlэм щыIуэм унэ щаIэщ Асатрян Эдуардрэ (Осетринэ) Бекаев Омаррэ (Уфимский Омар).

Иджы нахуэу щlэпхьаджащlэхэмэ, щыпlэ милицэмэ, кьулыкъущlэхэмэ гузавэу заущэхуауэ - Москва и Iыкlуэхэр яхуэкlуэми, мылькур щlэрыщlэу я ягушыкьи, Iулъхьэхэм ауэдэ зыкъомкlэ хагъэхьуэн хуей хьункlэ хьунущ.

КАНЕВ Сергей.
«Новая газета».

● Къулыкъущlэхэр

Абы уриджэгу хъуну?

Инджылызым и правительствэм и унафэщlэ Кэмерон Дэвид мафlэгум къринат щхьухэр зыдэлъ пхъынтэр.

КЭМЕРОН Лондон икIыу Эдинбург мафIэгу къызэрыгуэкlкlэ кlуэрт, езым и Iыхьлым и хьэгъуэлIыгъуэм хэтын мурадкlэ. Щхьэхъуэмэхэри игъусэтэкъым. Ари гъэщlэгъуэнщ, ауэ Дэвид зыльэгъуахэм телъыджэ ящыкъуар нэгъуэщlщ. Премьер-министрыр вагон-рестораным кlуащ къэрал мыхьэнэ ин зиIэ тхьапхъэр зыдэлъ пхъынтэ щыкlур къыщыгъупщэри. Абы и мызакъуэу, ядернэ Iэщэ зиIэ къэралым и правительствэм и унафэщlым пхъынтэм абы и Iункlыбзэгъуэхри кьринащ. Хэт хуейми, Iуихыну хуэхъуат!

Пэжщ, «Премьер-министр» псалъэхэр зытетха шумэдан щыкlур зыми къыщтакъым, арщхьэкlэ куэдым сурэт трахащ. «Сэ сызыхуей дыдэр есщlэфынут а шумэданым, арщхьэкlэ сурэт зыбжанэ тесха къудейщ», - жиIащ мафIэгум исахэм ящыщ зым.

Кэмерон мыгувэу къыгъэзэжащ, арщхьэкlэ абы къыщыщlар хIущIыIу хъуат. «Сэ сфIэтэпыджащ къэрал щхьухэр хъумэным и Iуэхур премьерым къызэрымыдзэр, - къыхегъэбелджылыкl Инджылызым и вице-премьеру щыта Прескотт Джон, - шумэдан щыкlым дэлъынкlэ хъунут Сирием егъэщlылIа Iуэхум теухуа тIасхъэщlэх хьыбархэр. Сэ апхуэдэ зэи къысщыщlынтэкъым».

Шумэданри зыгуэрщ. Кэмерон апхуэдизкlэ щыгъупщэхщи, 2012 гъэм шхапIэм къыщIинауэ щытащ илъэси 8 зи ныбжь и пхъур.

АЛЕКСАНДРОВЭ Викториэ.
«Комсомольская правда».

● ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ

ЩIэрыщIэу хоплъэж

Урысейм Егъэджэныгъэ Iэнатlэм кlэлъыплъынымкlэ и Iуэхущlапlэм хэIуцIыну ящlащ 2013 гъэм фокIадэм и 1-м къыщыщIэдзауэ 2014 гъэм мазаем и 27-м нэсыху лицензэхэр кьызыIихьыжа еджапIэ нэхъыщхьэхэу, абыхэм я къудамэхэу 126-м я спискэр. Я нэхъыбэр къралым имей еджапIэхэщ. Арщхьэкlэ яхэтщ къэралым ейхэри. Псалъэм и хьэтыркlэ, Кубань къэрал университетым, Туризмэмрэ сервисымкlэ урысей къэрал университетым, Новосибирск къэрал техникэ университетым я къудамэхэр. Уней мылькуу щыт вузхэм я нэхъыбэр Иджырей гуманитар академием, Бизнесым и Волгоград институтым я къудамэхэщ. Лицензэ уимыIэмэ, егъэджэнуи диплом ептынуи ухунткъым.

КIэлъыплъакIуэхэм кьыхагъэщхьэхукlащ спискэр вуз щlэтIысхьэхэм ядэIэпыкъун папщlэ зэрагъэхьэзырар.

- Сэ абыхэм чэнджэщ естынт зыщlэтIысхьэну еджапIэм и лэжьэкlэм, и зэрIэкlкlэм нэхъ куууэ щыгъуазэ защыну. Нэгъуэщlу жыIпlэмэ, псэупIэ унэм пэшищ хьу и фэтэрым щрагъэджэнымкlэ арэзы мыхьуну, Брянск кьалэм дызыщрихьэлIам хуэдэу, - жиIащ кlэлъыплъакIуэ Iуэхущlапlэм и Iэтащхьэ Кравцов Сергей.

Кьулыкъущlэм и псалъэхэм ятепщыхьмэ, вуз тэмэмым иIэн хуейщ дисертацэхэр щыпхагъэкl советэр, общежитэр, библиотекэ кьулей, нэгъуэщlхэри.

НаIуэ зэрыхьуамкlэ, кlэлъыплъакIуэхэм лицензэхэр кьыIахащ Москва рекламэмкlэ, туризмэмкlэ, шоу-бизнесымкlэ и институтым Брянск щиIэ кьудамэм, нэгъуэщlхэми.

Ди жагъуэ зэрыхьунщи, вуз мыхьэнэншэр е абы и кьудамэр мы зэманым зэхэупщlыну хуабжьу гугъущ. Суд Iуэхухэм зэманышхуи кьару мымащlи ятокlуадэ. Кьэрал Думэм щlалъхьащ Егъэджэныгъэ Iэнатlэм кlэлъыплъынымкlэ Iуэхущlапlэм нэхъ хуитыныгъэ нэхьыбэ иратынкlэ кьыщыгъэльэгъуа хабзэм и проект.

РУДН-м и ректор икIи ВАК-м и Iэтащхьэ Филиппов Владимир кьельытэ студентхэм щlэныгъэ куу кьыщыбгъэдамылъхьэ вузхэр мы зэманым Урысейм куэдыIуэ щыхьуэу.

- Пэжщ, я кьудамэхэм вузхэм хэхьэщхуэ кьыхуахь. Арщхьэкlэ ахэр хэдэн хуейщ - е ахьшэ кьалэжьын е я еджапlэм и пщlэр яхьумэн. ЕтIуанэм куэдкlэ нэхъ мыхьэнэшхуэ иIэщ, - кьыхигъэщхьэхуакlащ Филиппов Владимир. - Кьудамэхэр щыэзэхуащlыжкlэ щыIэр зы шынагъуэщ: щыналъэхэм щыпсэу ныбжькlэщIэхэр пыбгъэкl хьунукъым щlэныгъэ зрагъэгъуэтынымкlэ щыIэ Iэмалхэм.

- Зи гугъу тщlы кьудамэхэр зэхуаблыжмэ, щlалэгъуалэм ящыщ куэд уэрамым кьыдэнэнкlэ хьунущ, - жеIэ РУДН-м и ректорым.

Урысей вузхэм я кьудамэхэу нэгъуэщl къэралхэм щыIэхэр зэхэущlыжыным и Iуэхуми сакъыу бгъэдыхьэн хуейщ. Ахэр щlэгъэкъуэн мэхъу урысыбзэр кьыIэтэнэныкlэ.

ИВОЙЛОВЭ Ириндж.
«Российская газета».

● Къэралхэр

Дэ дынасыпыфIэщ!

ЖьIэнщи, Молдавиер, Къэзахъстаныр, Тыркмэныр, Узбекистаныр, Белоруссиер дэр нэхъыр нэхъ насыпыфIэу кьыщlэкlащ. Балтием и къэралхэри яхэту, совет республикэу щыта адрейхэр дэ ди щlагъкlэ щыIэщ.

США кьулейр ящэ къэралри 10-м хьхьэфакъым. Илъэс и пэкlи хуэдэу, нэхъ къэрал насыпыншэ дыдэхэу кьалъытэ Африкэ Республикэ Курытыр, Бениныр, Тогор.

ОНИЩЕНКЭ Варварэ.
«Комсомольская правда».

● ЩIэпхъаджагъэ

Абхъазым урысей дипломат щаукIащ

Мы щIэпхъаджагъэм халъытагъуэ куржы лъэужьы.

УРЫСЕЙ посольствэм и ящэ секретарь Вишернев Дмитрий яукIащ.

Абхъазым и къарузехьэ Iуэхущlапlэхэм зэрыжаIэмкlэ, щlэпхъаджагъэр Сыхъум щалэжьащ пщэдджьыным, дипломатым езым и гаражым автомашинэр кьыщIигъэкIым. Лыукlым абы «Глок» кlэрахъуэ лIэужьыгъуэмкlэ еуащ. ЩIэпхъаджагъэ щалэжьа щIыпlэм иужькlэ лагъым Iэмэпсымэхэри кьыщагъуэтащ. Ауэ ахэр кьэуакъым, щхьэусыгъуэ мыгурыIуэгъуэхэм кьыхэкlыу. Iуэхур зэхагъэкI.

Къарузехьэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьакlуэхэм жаIэ лIыукlым и тепльэр хэIущlыIу ящlауэ. Абхъазым и президент Анкваб Александр и унафэкlэ бзаджащlэхэр кьалъыхъуэ хабзэхьумэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм. Абыхэм апхуэдэу ядо-Iэпыкъу Урысейм и щэхурылажьэ Iуэхущlапlэхэри.

Абхъазым кьэхъуар щагъэIуащ политикэ щlэпхъаджагъэу. Республикэм Нэгъуэщl къэрал Iуэхэхэмкlэ и министерствэм щыжаIащ ар Урысеймрэ Абхъазымрэ яку дэлъ зэкъуэш зэхущытыкlэхэр зэIыгъэхьэным, республикэм щытыкlэр щызэщlэгъэпlалъэным хуэгъэзэуэ. Абхъазым и властхэм нэхъапэми жаIауэ щытащ хьэгъэщагъэхэр бийхэм ялэжьынкlэ зэрыхъунур.

СЕМУШКИН Сергей.
«Комсомольская правда».

Дуней и къэралхэм ящыщу нэхъ насыпыфIэу зыкъызыIутыгъэхэм я деж дэ 68-нэ увыпlэр щытIыгъщ.

ООН-м и Iэщlагъэлlхэм илъэс къэс зэхагъэкIуащlэсэунымкlэ дэтхэнэ къэралыр нэхъыфlми. Мы гъэм нэхъ насыпыфIэу зыкъалъытэр Данием, Норвегием, Швейцарием я цlыхухэм. Урысейм 68-нэ увыпlэр иIыгъщ. ЖьIжьэIуэкъэ? Арщхьэкlэ ди жагъуэ дывмыгъщl: нэгъабэ елъытауэ дэ увыпlи 8-кlэ дыдэкlуэгъащ!

ООН-м кьыз зэрыщlалъэтэмкlэ, насыпыр Iуэхугъуи 6-м тещlыхьащ: зы цlыхум хуэзэ ВВП-м, гъащlэм и кlыхьагъым, коррупцэм зэрыщыхъумамрэ я хьэлэлагъымрэ. Апхуэдэу насыпыфIэщ щхьэхуиту зыкъэзылъытэжхэмрэ зыщыгугъын зиIэхэмри.

● Футбол

Дуней псом кьыщацIыху Бразилием и футболист Пеле *(и унэцIэр дыдэр Арантис ду Насименту Эдсонщ)* **а спорт лIэужьыгъуэм зигъэкIащ. Ар хэтащ футболькlэ чемпионатищым, 1952, 1962, 1970 гъэхэм екIуэкIахэм. Футболым и тхыдэм Пеле хуэдэ ящыкъуэ хэтакъым.**

Умаровым и пIэ иувар

● Кавказ Ищхъэрэ

Умаров Докку дунейм схьыжауэ куэдрэ ягъэIуащ. Иужьрейуэ ар видеокlэ кьэнесльащ нэгъабэ и гъэмахуэм. Умаровыр дальэр Олимп Джугуэр кьыгъэуэну. Арщхьэкlэ мыпсэужу ягъэIуми, и бий сру Кадыров Рамзан ар яукIауэ жиIэми, куэдым я фlэщ хьуртэкъым ар щымыIэжу. Террорист нэхъыщхьэр куэдрэ щlалъхьащ, ауэ телъыджэ дыдэу псэууэ кьыщlэкlыжьырт.

ОЛИМП Джэгуэр ихащ, ауэ ар щекlуэкlа щыIэмэ Кавказ Ищхьэрэ щыналъэмэ зы кlахьхьуи щыщlачакъым щlэпхьаджащlэхэм. Паралимпиадэр ихуа иужькlэ Умаров Докку зэрыщысэужыр хэIущlыIу щащlар. «Кавказ Имаратым» и унафэщl хьуащ илъэс 42-рэ зи ныбжь, дагъыстэн кьуажэ пхыдзаxэм ящыщ зым щыпсэу Кебеков АлийIэсхьэб (е Iэбу-Мухьэмэд).

Дыззрыщыгъуаззмкlэ, Кебековыр Шэшэным щекIуэкlа ящэ, етIуанэ зауэхэм хэтакъым. Блэкlа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм хьэрычэтыщl лэжьыгъэм пэрытащ. Хэбгъэзыхьэ, фадэ нэщl ищэу сэтей кьащIри, уголовнэ Iуэху хэхуауэ щытащ. 2000 гъэхэм я пэщlдзэм хьэжьыщl щыIащ. Сирием и кьалащхьэ Дамаск дэт Iэбу-Нур ислъам университет щIэрыIуэм щеджащ.

Кебековыр щIэпхъаджащIэхэм яхьыхащ 2009 гъэм езым и Iыхьлы Магомедов Муртазалий яукIа иужь. Абы щытыкlэр Дагъыстэным щызэIихьхащ.

Магомедов Муртазалий пщlэшхуэ дыдэ зыхуащ духьэныт, СССР-у щытам и щIыналъэм щэрихьэт щIэныгъэхэм я доктор щIэр зезыхьэу исар абы и закъуэт. Дагъыстэным и Муслымэнхэм я Iуэхущlапlэм хуит ищIри, 1991 гъэм Сирием екlуэкlу кlуауэ щытащ. Илъэс 17-кlэ ислъам диныр иджащ, факультет зыбжанэ кьыухащ. Диссертацэхэр пхигъэкlри, щэрихьэт щIэныгъэхэм я доктор щIэр зезыхьэу исар абы и закъуэт. Дагъыстэным и Муслымэнхэм я Iуэхущlапlэм хуит ищIри, 1991 гъэм Сирием екlуэкlу кlуауэ щытащ. Илъэс 17-кlэ ислъам диныр иджащ, факультет зыбжанэ кьыухащ. Диссертацэхэр пхигъэкlри, гъэджащ. Абы и дежт Кебеков АлийIэсхьэб 2000 гъэхэм я пэщlэдзэм еджэну здэкlуар.

2008 гъэм Магомедов Муртазалий и лъахэм кьыгъэзэжащ икIи егъэджакIуэ Iэнатlэм пэрыуащ. Ар лекцэхэм кьыщеджащ Iимам Щамил и цlэр зэрихьэу Кизилюрт щыIэ институтымрэ Iимам аш-Шафия и цlэр зезыхьэ Махьэчкьалэ щыIэ институтымрэ. Духьэшыр щыпlэ кьудым ирагъэблагъэрт.

КьыхэгъэщхьэхукIын щыпсэу ФСБ-м и лэжьакIуэхэу терроризмэмрэ экстремизмэмрэ Дагъыстэным щыпсэщlэтхэр абы зыкlи зэран зэрыхуэмыхьуар. Федералхэмрэ дин лэжьакIуэхэмрэ мыпхуэдэу эгъуэгъуат: дэ фэ дывэIуэсэркъым, щlалэгъуалэр зэтефIыгъэ кьудей. Япэрейхэм я гуапэт ислъам диным хэзыщlыкI щIэныгъэлIэхэр кьаэрыдэIэпыкъур.

АрщхьэкIэ хабзэхьумэ Iуэхущlапlэхэм яку кьыдэхъуа зэпэщlэтыныгъэм и зэранкlэ, 2009 гъэм и жэпуэгъуэм Магомедов Муртазалий яукIащ. Бзаджащlэхэр, сыт щыгъун хуэдэу, ягъуэтакъым.

Мис абы иужькlэщ нэгъуэщl духьэшы Сулеймановы Магомед и гъуэсу Кебеков АлийIэсхьэб бгылъэ щыпlэхэм зыщызыгъэпщкIу щIэпхъаджащIэхэм щахьхьар. «Кавказ Имаратым» и кьадыуэ иригъажьэри, Кебековыр иджы абы и Iэтащхьэ хьуащ.

ФСБ-м щыщ си цlыхугъэм ар хуабжьу игу кьеуащ. Абы и жагъуэ хьуат Дагъыстэным мамырыгъэ щызэфIагъэувэжыным кlэ яIа Iэмалыр зэрызыIэщlагъэкIар: «Дэ абыхэм я хьыбар мыгувэу зэхэтхынущ. Апхуэдэ цlыху мэзым ущIэныр дзэпсо и уасэщ».

ГОРДИЕНКЭ Ириндж.
«Новая газета».

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.



Абдокъуэ Іэуес Исмэхьил и къуэр (1944-2000 гъгъ.)

Зыми емыщхь Абдокъуэ Іэуес 70

Къикіуэт лъэпкъ ищІэтэкъым

Іэуес дэ нэхъыр нэхьыжьт, дзэм къикІыжри къытхэтІысхьэжаэ арати, абы теухуауи пщІэ хуэтщІыт. Ауэ нэхъыщхьэу абы и пщІэр кьыз эрилъжьыжар и щЭныгъэрт.

ДЭ ДРИХЬЭЛІАТЭКЪЫМ ар ялэ курсым кьыщыщІэтысКьыми, абы щыгъуэ зэрыщытам дыщыгъуаэзэтэкым, ауэ гъуэсэ кьыщыгтхуэхьужым студенту щІэпІыгъыкьым щымыІэу апхуэздт. ГъэщІэгъуэнраци, и щІэныгъэкІэ дэ зэрыгущхьщыкІри, уеблэмэ я3ыныкьуэ егъэджакІуэхэм зэрефІэкРи бгъэщІагъуэрэтэкьым. ИщІэну псори ищІэу Алыхьым кьигъэщІауэ кьыпфІэщыт. Зыгуэрым дыщІэупщІэн хуей хьуамэ, ди ягъ чэнджэщзгъур арат. Псом хуэмыдэу дэ зэхьхэрт куэд дыдэ зыхкІыжьри бзэщІэныгъэхэрт. Абы и лъэныкьуэкІэ а зэманым Іэуес зи Іуэху зэрихуэхэр ди студент акъылым къимыубыд гуэрхэрт.

И щІэныгъэм и закъуэтэкъым Абдокъуэр адрейхэм кьаз3ряхэщыр. Ар нэгъэсауэ адыгэлІт - и гъэсэныгъэкІи, и дуней тетыкІэжІи. Пхуимарэжьуэтэну лІыгъэр ерыщагъри хэльт, абы и зэран кьыщекІыжри щыІэу.

Зэгуэрым ди гупым хэс щалэ зыбгъупщІыр, и щхьэусыгъуэри дымыщІэу, шэджагъуэ нэужьым дыкьагъэнат. Арати, сыту пІэрэ кьэкъуар жытІэу дызэупщІыжьну дыхуэтэжьыс щыкІэ, аудиторием кьыщІохьэ университетым бжьыпэр щызыыгъэхэм ящыщ гупышхэу, дэ дезыгъажэ гуэрхэри, нэхъ зызыгъэткІий гъжьапІэ гуэрхэм кьикІаэрэри яхэту. Бгъэр зытеуа джэджей гупым ещхьу, зы пІанэпэ дыщыІэщагъэри, уаужьыгуныумэ кьеблагъэ...

Пэж дыдэуи, абыхэм ельытауэ дэ джэджей бынымдыхъущхьэ. Псом хуэмыдэу дызэрагъэкъуанщэр кьэпльытэмэ, ди Іуэхур хэпльпэгъуэт. КьыззэрыщІэкІамкІэ, дэ лъэпкъ Іуэху зетхуэрт: «Адыгэ хасэ» жиІэу блын газет кьыдзэгъэкІырт, адыгэ тхыдэм теухуа пэж гуэрхэр зэдгъэщІэну дыхэтт, ди кьалэ уэрамхэм адыгэм кьыхэкІа цыхуу цэрыІуэхэм я цІэхэр зэрахьэну тфІэкІабылт...

КІэщІу жьпІэмэ, «гуэныхь» куэдыкІей ткъуэлъу кьыщІидзат. Иджыпсту ар дыхъэшхэну кьыпфІэщІщкьэнт, а зэманым фы зыхьымыхьын Іуэхут. «Фэ фызэрыстудентыр зыщцымыгъэгъупщІ» - жаІэри кьыщІадзат псалъэмакъым.

Арати, сэлам етхын кьудейуэ дызыгтемыгушхуэ мо лІы хэЗэтыкІа кьомыр зым нэхьрэ адрейм нэхь зигъэтКІийуэ кьыщыІттеэзрыгуэм, щтэІэщтаблэ дыкьэхьуащ.

Я3эу Абдокъуэм зыкьыщЭжщ, кьыщыльэтри хуабжьу дифІ зэрихэу кьыгтфІитъэщІыну кьыздэущІ зэпиудащ: «Я3эрауэ, адыгэбзэжІэ кьыдзэпсалъэ, мыбы щІэсу хьуар дыадыгэщ, етІуанэрауэ, фэ фи лэжьапІэм фызэрытегужьеиКІам щхьэжІэ, дэ дызэрыстудентыр кьытхуэзмыгъэжЕт. Ди ныбжьым дыщыщынэжу дунейм дытетыну дыхуейкьым, дызэрыадыгъэм дыхущІегъуэжыркъым, абы щхьэжІэ дыщІэвдзыжьыну арамэ, дыщІвдзыж».

А махуэм екІуэжа псалъэмакъыр куут икІи кІыхьт, а псом и гугъу яджьипсту пхуэщІыжьыкъым, ауэ Іуэус и фІыгъэжІэ зыкъэдгъуэтыжри, хэугъэ зедгъэщІэгъуэ щытхакъым. И хьэдрыкъэ Тхъэм фІы ищІ философиемкІэ дезыгъэлджэу щытА Кьардэн Билал, а зы закъуэрат а махуэм дигу фЫ къэзыщІыкар. «Ди цыр ящІн» яухауэу дыщцэзбгрыкІым, кьыдбгъэдыхьри кьыджинат: «Сыту сыкъгъэуфІа нобэ пыІэ хуабэу фыкьыкъэзрыщІэмыкІамкІэ. ЛІыгъэ фиІэщ, ауэ фысаскъын зэррыхуейри зыщцымыгъэгъупщ, фэ иджыри фыщІалэщ, уи гум илъ псор жьпІэу утыку укьильадэ зэрымыкъунур фщІэркъым».

Пэж дыдэу, жьэмахуагъм и фейдэ кьыззэмыкІахэри кьытхэжащ, псом зэпхуэ - Іуэус. И щІэныгъэрэ и лэжьыгъэкІэ дзбгъуэн щымыІэми, аспирантурэ нэужьым здигъэззэжа университетым ар куэдрэ Іуагъэззэгъакъым. ЛэжьапІэм кьыІуйкІыжри, цІыхухэм зэн яхуищу Щхьэлъхьэу дзэгъэхьэжри дэсащ, нужькІэ, илъэс 20-м щІигъу дэкІа нэужь, щІэныгъэхэм я доктор цІэр кьыщыфІащэ диссертацІэр итхри и стОлым дильхьэжаэу дзэлъу. Ауэ и гъащІэр зэрыбгъунльар абдежми кьыщыувыІакъым - и унагъуэри фІэкІуэдри, Іуэху мыфэмыцэкъм и узынщагъэри хилпхьащ. «Сыту сыцелат сэ сыныщыІэмыдзІуам, сынывзадгІуэр аддэ пасэу кьесІуэнтІжьыжауэ щытамэ, сэ доктори сызэрыхьурэ куэд щІат, си хьыджэбзищми сахэсхьку сыпсэурэт», - кьыджиІат Іуэус и доктор диссертацэр пхигъэжьыну щежьэм.

Кьыгъэззжа нэужьи кьыщІыхьэри тлъкІэ зэрыхуэгъэщІамкІэ фІыщІэ кьытхуищІщ, ректорым и гуапэ кьыззэрищІари, ипхъу Данэ и диссертацэр и кІэм зэрынигъэсари гуфІэжу кьыджиІэри щІэжьыкат. Ауэ Тхьэм ихуатэжьым и доктор-рыгъэм и хъер ильагъуну. Университетым лэжьэн щыщІидзэжа щхьэкІэ, кьыпэпльэр лэжьыгъэрэтэкъым.

Куэдым урегъэгупсыс Абдокъуэ Іэуес и щхьэм кьрикІуам. Зэ епльыгъуэкІэ ар зы цыхуу пыухьыкІам и натІэ кьритха гъащІэу кьыпфІэщІми, ипэжьыпІэкІэ уегупсысхьэ, ар и Іуэхыщ зззэмызэ адэ-мыдзкІэ псынэпсым хуэдэу кьыщыІзэпхиуд лъхьэкІэ хьугъуэфІыгъуэхэм дахуэсакьынэ и пІэкІэ, пщІэ лъэпкъ зэрахуэдмыщІым.

ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд, ДЖЭРЫДЖЭ Арсен.

Абдокъуэ Іэуес Исмэхьил и къуэр (1944-2000 гъгъ.)

Зыми емыщхь Абдокъуэ Іэуес 70

Кавказыбзэхэм ятхьэкъуа

Абдокъуэ Іэуес, щэч хэмылъу, бзэщІэныгъэм и тхыдэм кьыхэнащ. Абы щыхьэт техьуэфынущ кьыдеджахэри езыгъэджахэри, и тхыгъэхэм нэІуасэ хуэхьуахэри. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым еджэн щыщыщІидза ящэ нЫъэсхэм щечъэжьауэ Іуэус щІэныгъэм кууэ хьехьэу щІидзащ. Псом ящэрауэ, абы пасэ дыдэу зригъэщІащ адыгэбзэм и диалект псори. ЩІалэ гурыхъэм езы егъэджакІуэ дыдэхэр зыщымыгъуазэ гуэркІэ кьыщецущІ, ар чэнджэщгъу щащІ кьэхъурт. Апхуэдэу КІуэкІуэ Жэмалдин Шапсыгъым экспедицэ щыкІуэм, Іуэус зэпщат гъэмэщ кьалэн игъэзащІэу.

ЗЭМАН кІэщІым Абдокъуэм зрІыІуэ хищІыкІ хьуащ абазэбзэм, абхъазыбзэм. Кьыкіэтыкіуэу абы зригъэщІащ шэщІэнхэм, ингушэм, балъкъэрхэм я бзэр. Зыщигъэгъуэзащ куржыбзэми дагьыстэнымщ щыІэ лъэпкъхэм я бзэ зыбжанэми. Нобэ бзэщІэныгъэм фІыуэ зиужьами, Кавказ Ищхъэрэм щыІэкъым Абдокъуэ Іэуес бзэуэ зыщыгъуазэу щытам хуэдизу зыщІэ, абы и лъэныкьуэкІэ а щэныгъэлІым и цІэм бгъэдэбгъэувэн.

1969 гъэм Іэуес Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр диплом плъыхьыкІэ кьиухащ, ари илъэсиплІ фІэкІа тримыгъэкІуадэу. ЕджапІэ нэхьыщхьэхэм апхуэдэ куэдрэ кьыщыхьэркъым. Абы щыгъуэми Іуэус иужьрей курсхэм махуэзэ еджэнымрэ зэщІкІэ лэжьэнымрэ зэдихьырт. Радиом и унэм жэщ плъыру щыІэт ар. Махуэ псор еджапІэм щызыгъэкІуа щІалэм дежкІэ, дауи, ар тынштэкъым. Жэщ лэжьыгъэр здрихьэкІым, Іуэус тхыдэ куэд щІиплъкІырт, бзэ зэхуэмыдэхэм я псалъалъэхэм нэІуасэ зыхуищІырт. университетым кьыщрат лэжьыгъэхэр абдеж щигъэхьэзыщырт. Университетыр кьнуха нэужьи, Абдокъуэр зы цІыху кьалэнкІэ зэи къэувыІакъым, сыт щыгъуи Іуэху зыбжанэ зэдихьырт нкІи псори нэгъэсауэ зэфІигъэкІырт.

Университет нэужьым ар къэралым и щхьэхэр печатым кьытремыгъэдзэжьмкІэ и Іуэхущ1апІэм редактору илъэсибгъукІэ щытащ, КъБКъУ-м, мэкъумэш академием ем егъэджакІуэу щыІащ. Абы кьыджкІуэу зэфІихэ Іуэхуэрщ Абдокъуэ Іэуес и пщІэри и щІыхьрн кьэзыІэтар.

Псоми зэращІэщи, адыгэхэр кьэрал куэдым щопсэу, урыс пащтыхьхэм я политикэм и зэранкІэ ди лъэпкъгъуэхэр дуней псом щикъуэхьа хьуащ. Іуэус щеджа зэманым ди лъэпкъым лейуэ кьрахам щыщ Іыхьэ гуэркэр дунейм кьытехьэу щІидзат. Лъэпкъым къраха залымгъэр студент куэдым кууэ зыхащІат. Ар зи гум екъэлаХэм, а Іуэхум игъэгумэщІахэм яхэтащ Абдокьуэри. А зэманым щыщІэдзауэ Іэуес иригъэжьащ лъэпкъым хэлъажьэн. ЗэрыжысІащи, псом япэ абы зригъэщІащ дэнэ ямыІэ щыпсэу адыгэхэм я псэлъэкІэр, лъэпкъым и лІакьуэ зэхуэмыдэхэм я диалектхэр. Адыгэ псори зы бзэм, зы идеологием хуэщІэзрыуеІр фІыуэ кьыгурыІуэрт кьэхутакІуэ щІалэщІэм. Абы кьытІэщІырт Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм зэщхьэ хэт псалъэзэр, абыхэм я морфологиер зэзыщІэ хабзэхэр. Ар и кьыщІдзапІэ кьудейт... НужькІэ абы хуэзфІэкІащ щІэныгъэр и тегъэщІапІэу тхыль зыбжанэ кьыдигъэкІын. АпхуэдизкІэ «Фонетические и лексические паралели абхазско-адыгских языков» (1972 гъэ), «Введение в сравнительно-историческую морфологию абхазо-адыгских и нахско-дагестанских языков» (1981 гъэ), «О звуковых и словарных соответствиях северокавказских языков» (1985 гъэ), «Вопросы генетического родства северокавказских языков» (1999 гъэ) тхыльхэр. Нужьрейр и доктор диссертацэм лъабжьэ хуэхьуащ. ЗэрыгъэщІэжьыну, зы тхылъым кьыкІэльыкІуэм кьихутэ бзэкъэм зыщергъэубгъу, ахэр зэрегъапщэ, я зэхэлъыкІэр щыгъэхсетъжьІ. ИкІэм-икІэжым сэтей кьещІ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я бзэр, я кьуэпсэр зэзышІалІэ лъабжьэр. А псор и щыхьэтщ Абдокьуэм бзэщІэныгъэм лъагъуэщІэ зэрыщыхьшам. Абы и тхылъхэр кьагъэсэбэнурэ кьэхутакІуэ ныбжьыщІэхэм щІэныгъэм и дунейм есым я увыпІэ щаубыдыфыпнущ.

Бзэм и закьуэкъым Іэуес зыхуэІэижьу щытар. ЩІэныгъэлІым литературэм, этнографием, жыларгъэ Іуэхуэхэм ятеухуа статьяхэр и кьаГъэмыпэм кьыщІэкІащ. 1970 гъэм щригъажьри абы ахэр кьытригъэдзащ «Ленин гъуэгу-», «Советская молодежь», «Красное знамя-», «Ленин нур» газетхэм.

Куэдым ящІэрэкьым, ауэ Абдокьуэ Іэуес литературэ Іуэхуэм хуэІэзэу щытащ. ТхакІуэ нэс кьыхэкІыну зэрыщытам и щыхьэтщ абы Іэрэтхыу кьиутуэна «Пщэдджыжь бзыгъэ» повестыр. Мы повестым щыщ пычыгъэшхуэ 2010 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым кьытехуауэ щытащ. Ту лъымытэнкІ Іэмал нІэкьым повестыр зэрытха бзэр зэрыбгём, зэрыщэрыщым. ТхакІуэм кьекІуу абы кьышцегъэсэбэп адыгэ псалъэжьхэр, эпитетхэр, псом хуэмыдэу егъэпщэныгъэхэр щІэщыгъэщІ. Кьуажэ псэукІэр Іэ3эу кьыщегъэлъагъуэу Абдокьуэм и тхыгъэм. Хабзэ, нэмыс зэрыпТь адыгэ унагъуэм кьыщыхъу, адэшхэр-анэшхэрэм ягъасэ Хьэту щІалэ щыкІум и образыр дзгъуэу кьехъуІлащ тхакІуэм. Сабийм и психологиер, и дуней епльыкІэр гушыІэ дахэкІэ уэздауэ, фІэщхъуныгъэ хэльу ди нэгу кьыщІегъэувэ Іэуес. А псоми я лъабжьэр Абдокьуэм адыгэ лъэпкъ гъащІэр, абы и менталитетыр фЫ дыдэу зэрищІэрщ. Іэуес бгъэдэлъ Іэ3агъымрэ зэчиІмрэ зэрыгъунэнщэр мы повестым иджыри зэ ныІуэ кьыщІащ. Абы уеджа нужь уи фІэщ мэхъу тхэныр и Іуэху нэхъыщхьэу щытамэ, ар тхакІуэ цІэрыІуэ дыдэхэм хабжэ зэрыхъунур.

Ту кьабгэт Іэуес, куэд еджат, куэд ищІэрт, и щІэныгъэмкІи хэти дэгуашэрт. ЖьпІэнурамэ, псэ хьэпэ зиІэ пэжьакІуэшхэт. И акьылри, и кьаруи, и гуащІи щысхьыжьыртэкъым. Лъагъуныгъэшхэу хуиІэт абы и лъэпкъым, «адыгэм щхьэкІэ зыуигъэкІынут» жьыхуаІэм и щапхъэт. Адрагъэнщ гъащІэшхэу щІэмыІари. Абдокьуэ Іэуес хэпльхьэныгъэшхэу хуищІащ бзэщІэныгъэм, щэнхабзэм, абы и цІэр кьыхэнащ адыгэ тхыдэм. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр - уэзрыгушхуэн адэцІэ кьаХуигъэнащ и бынхъм.

БАКІУУ Хьанджэрий, *филологие щІэныгъэхэм я доктор.*

Абдокъуэ Іэуес адыгэ фащэр щыгъуу Налшык къалэ щІэкІэжкІ махуэшхэр пэкІуи хэтщ. *1966 гъэ*

Допсэу, и щапхъэр ди гъуазэу

Си адэм теухуа гукъэкІыжхэр куэдми, аХэр къыІэрысІуэтэн псалъэхэр схуриКъуркъым, гуапагъэрэ ІэфІагъыу абы теухуауэ си гум илъ псор тэмэму схуэпыщІэну къыщІэкІынкъым. Дэ, зэшыпхъущми, сытым дежи зыхэтщІэрт ар ди щІмб къыІэрыІэтэр, ди Іуэху зыгуэркІэ зэхуэмыхьуэ, абы псори зэрыІэжьигъэкІуэжьынур.

ЕДЖЭНЫМ, щІэныгъэм ди унагъуэм и мыхьэнэшхуэ щратырт. Дэ ар иджыри дыщІыкІуу кьыщыгуІат, абы кьыхэкІыу а Іуэхум теухуауэ псалъэмакъ лей зэи кьыддагъэжІуэкІакъым. Школым дыщыщІэсым щыгъуэ «Дауэ фыхъурэ, сыт хуэдэ оценкэхэр фиІэ?» жиІэу зэи кьыдэупщІакъым ди адэр. Ауэ «тху» фІэкІа зэрымыт дневникыр щедгъэльэгъуКІэ: «Афэрым! Сэ фы-къыхэзэхьщІ» - жиІамэ зэфІэкІат. НэгъэщІуи щытын хуейкІэ егупсысхэзрэтэкъым ар. Дэри еджэным зыгуэркІэ зыщІедгъэхьну дигу къэкІыртэкъым, тхылъыр сытым дежи зи Іэпэгъу адэр щапхъэт. Университетым сыщеджэу, предмет гуэрымкІэ, къызэрызмылажьар сэ езым сщІэжу, оценкэфІ схуагъэзвауэ щытат. Абы щыгъуэм сукІытат «си адэм и напэр тесащ» жысІэри. Зи макъыр Іэтауэ псалъэу зэхэдмыха, зэи зыри кьытпэзымыубыда адэм худиІэ фІэлІыкІыр лъагэт.

Быным ар тКІийуэ кьытхущІыкъым, мыпхуэдэущ фызэрыщытын хуейр жиІэуи жыпхъэ гуэрым дригъэувэнуи хэтакъым. Ауэ адыгэ хабзэр, нэмысыр сытым дежи зыгъэнэхъапэ и адэм и бынхэри абы ебакъуэ зэрымыхъунур дэри къыдгурыІуэрт. «Фи щхьэм акъыл гуэр иилъмэ, фыщІэкІытэн Іуэхуи влэжьынкъым», - кьыджиІэрт. Пэжщ, абы и жагъуэт и бынхэр урысыбзэкІэ дыпсалъэу зэрызэхихыр. АдыгэбзэкІэ дыпсэлъэну кьытпиубыдырт икІи зыгуэркІэ урысыбзэ кьыхэдгъэхьамэ, тезыр кьыттриулъхьэрт: унэ пІанэпэм дыдигъэуэвэрт. Бзэ куэд ищІэу щытами, ди адэм езым и анэдэлъхубзэр зыпищІ щыІэтэкъым. Ар и псэм хэлът. Сабий сэдым дызышІэри дыкъызышыжри арати, сытым дежи таурыхъ гъэщІэгъуэнхэр кьыджиІэжьырт. Щхьэлыкъуэ щыдиІэ лъапсэм зыгъэпсэхуГъуэ махуэхэм дыкІуэрти, кьалэм щегъэжьауэ абы нэс лъэсу дишэрт, хъыбархэм дыщІигъэдэІуу.

Адэ гулъытэ зэи дыщыщІакъым. Зэман нэхъыбэ кьызэрыттригъэкІуэдыным хущІэкъуат. Уеблэмэ, и диссертацэр щитхым дыбгъэдэсу дыщыст. Зигъэпсэхуну лэжьыгъэр зэпигъэуамэ, кьыддэгушыІэрт, и пщэдыкъым дыдигъэтІысхьэрти дыкъызыкІырт. НужькІэ и Іуэхум ар пэрыхьэжьырт, дэри, щэху дыхъужьырти, дыбгъэдэст, куэд дэмыкІыу аргуэру и гулъытэ кьызэрыттлъысынур тщІэуэ.

ЦІыхухэм ф1ыуэ хьаалъагъурт ди адэр, езыри псоми яхуэгуапэт. Ди унэр сытым дежи хъэщІэкІуапІэт. Благъэ-Іыхьлъхэм я пІанэ щІалэ, ди адэм и пІэ жьэгъуэхэм щІэх-щІэхьыпрэ къытхуеблагъэрт. НыбжьыгъэфІ куэд иІащ абы. Ноби абыхэм ар ягу фЫкІэ кьагъэкІыжу зэрыщытым дыщыгъуазэщ икІи абы и цІэр зэращымыгъупщам щхьэкІэ фЫщІэ яхудощІ. «Іэуес урипхъу?» жаІэу кьыззэупщІра абы и ужьхІэ и адэм теухуа псалъэ гуапэхэр абыхэм кьызэрызжаІэм, си щхьэр лъагэу сегъэлъагъуж.

АБДОКЪУЭ Динэ.

● Пхъум и псалъэ

Фэеплъ лъапІэ

Абдокьуэ Іэуес фІыуэ зыцІыхуу щытатхэм сащыщщ сэри. Ящэрауэ, ар пабжьэр зыгъэхъеЙ щхьэ бжьыгъу дунейм тетхэм хуэдэтэкъым - щІыхум яхьыхьу, зыхьыхьэхэм яхьлъхьэни къэзыгъэтІуф, хэльэт зиІэ, зи хьэсэпэр жьжьэ нэс щІалэ жант. Жьыджэрт. БзэщІэныгъэмэ адыгэхэм я тхыдэмэ куэд хищІыкІырти, абы уригъэсэныр, урипсэльэгъэныр кьалъыхьуэм хуэдэт.

КІЭМЫДЭКІЭ, Абдокьуэр «Іуащхьэмахуэ» журналым кьэкІуэрейт - и тхыгъэхэр кьыхтхихьырт, и чэнджэщхэр кьыдихьырт, зыгуэрэхэмкІэ кьыдэупщІырт. Дэрэ зыгуэрхэмкІэ деупщІырт. Абы и лей щыбгъуэтырт уэзреупщІхэм я кьэщІэжьащІ, ар бзэщІэныгъэм, тхыдэм, литературэм куэд хэзыщІыкІ щІалэ Іэрэт. Бзэм екьэлІауэ абы и Іуэху епльыкІэр, и гупсыскІэр дэзыыгъ куэд яхэтт щІэныгъэлІхэм. Абдокьуэ и лэжьыгъэхэр куэдрэ тегъэщІапІэ зыщІхэм, ахэр щапхъэу кьэзыхьыхьэр щыІат. Абы и щІэныгъэлІ Іэзэ Шагъыр Іэмини.

Іэуес и цІэр фІыкІэ кьыщІаІуэкІэ кьыкІэ гуапэ кьыщыІыкъыхьэу ящІэрэ щхьэзусыгъуи иІэт - си напщІм телЪт Шэрджэсым нэскІэ кьикІа щІалэ кьэлэмэ-тым ди ЩІкъэлыкьуэ кьуажэр хэщІапІэ зэрищІар. Уэ дэгъуэ, псэуалъэшхуэхэр, хадэ хьарзынэ зиріІэр. Іуэхум фІыуэ щымыгъуэзэжьэм ямыщІэжьэ кьуэ фиологие щІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр университетым щІэныгъаджэ Абдокьуэ Іэуес кьэрал университетым кьыщІихьэ уІахуэм кьыхьажьауэ дауэ ди фІэщ хьун? Хьэмэрэ уэри?.. - щІагъыбзэ гуэр хэльу сыдэгушыІэну сыщцыхуеежьэм:

- Кьэпщащ: зыкъэлІамэ ебгъэщІынт мы псор дэ кьэтхъулахуэмкІэ. Ауэ, ущоуэ - а уи «хьэмэрэм» пыпщэну узыхэтамкІи ежьагъэщІакъым мэхэр. Захуэр жьпІэмэ, зыми егъэщІыххакъым мы плъагъу псори - си Іэкі3 сщІыжащ, - кьыжжиІат апхуэдизу Іуэус и кьэщІэжьыкъым мэхэр. Захуэр жьпІэмэ, зыми егъэщІыххакъым мы плъагъу псори - си Іэкі3 сщІыжащ, - кьыжжиІат апхуэдизу Іуэус и кьэщІэжьыкъым хьам. - Уи фІэщ мыхьэмэ, мы кьуажэм ущыщІ, щІэупщІи, кьыбжаІэнщ мыхьэзэрыщІари, абыхэм есьлэпІэ псэуалъэхьэхэр кьыззэрыщІэхуа ахъшэр кьыззэрылэжьа щІыкІэри.

Тэкіу и жагъуэ зэрысщІам сыхчуцІегъуэжар, и гуапэ сщІыжьи мурад сиІэу:

- Сэри себгъасэркъэ-тІэ, сихуебгъадджэркъэ апхуэдэ Іэщагъэми, апхуэдэ ахъшэ кьэлІэжьыкІэ3ми... Ильэс зыбгъупщІ нэсащи унэ, лъапсэ тІэкІу сщІыну кьыскъуегъажьэркъым. Сытегушхуэркъым.

- Фэ зывогъэтхакІуэшхуэ. Кьалэмым нэхъ хьалъэ къэфІэтын мурад фиІэжьым... Фи щхьэ ефпэсынукъым. А фи тхьыпхэм кьыпжкІуэмкІэ фэрн фхуэщІэнышхуэ щыІэкъым. Мыдрейуэ, сегъасэ, сегъаджэ жьыхуэпІэмкІэ. Апхуэдэ гукъыдэж уиІэмэ... Мо маршынэ укъуеижа фэнщэжь щыкІур пльагъурэ? Ари кьыззэрысщэхуар а уи «хьэмэрэмкІ» кьэсхьакьым-мы си ІэпхъуамбипщымкІэ кьэзлъежьащ. Фи кьуажэдэсхэм, ди хьэблэм сащыхуэзлажьэм дежи лъэсу кьэскІухь кьуэ зыштамк, нужькІэ марбзэщІэныгъэм, тхыдэм, литературэм куэд хэзыщІыкІ щІалэ Іэрэт. Бзэм екьэлІауэ абы и Іуэху епльыкІэр, и гупсыскІэр зэрыщытам и щыхьэтщ абы Іэрэтхыу кьиутуэна «Пщэдджыжь бзыгъэ» повестыр. Мы повестым щыщ пычыгъэшхуэ 2010 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым кьытехуауэ щытащ. Ту лъымытэнкІ Іэмал нІэкьым повестыр зэрытха бзэр зэрыбгём, зэрыщэрыщым. ТхакІуэм кьекІуу абы кьышцегъэсэбэп адыгэ хэр пхуэзэхахьыкьи, пхуэзэрагъэззхуэжьи щхьэкІэ мис иджьыт уи щхьэм ущыщагъэтІэжьуэнур. КьыгІэщІэщІа щыуагъэмкІэ кьуанщагъэр зыбгъэдэлъыр сэрати, сыт сщІэнт? Іэджэрэ сыхэплъа нэужь, си гур Іуэус дежи макІэ.

Я унэр сщІыхуххэрти, сокІуэ. Дэскъым. Гъэмахуэ зыгъэпсэхуГъуэщи, и етІуанэ Іэщагъэм ирилажьэу кьекІуэ. Зыхуэлажьэр кьиэжалати, кьызогъуэт.

- Унэ сщІыну щІэздзэмэ, батэр кьыскъуэбгъэшыну жьыпІэрэ сытеГъэгъуэгъуэри... Сэ зэлызгъэхьахэр зэбгъэзэхуэжьыну накІуи нобэ кьыскъуэщІыхьэку.

- Нобэ щыІэж, лІэун, иджы? Щэджагъуэ хьаащ. Апхуэдэ махуэ щыхьэху щыІэ? Тхьэм жиІэмэ, пщэдджыжькъ жьыуэ дыкъкъщІэтэджэнщи... А уэ зэІыбгъэхьауэ зэгъэпэщыжьын хуейуэ сызэбгъэдэІуахэр зы махуэ лэжьыгъэкІэ кьыдэхьулІэмэ, дыбланэу, дыІ3эуэ бжьы Іуэ3. Пщэдджьжь зэхуэдпІалъэщ...

Кьалэм сикІыжу жьыуэ сыщынэсхьэм, Іуэус цІыкІу зигъэжІэрахьэу ди куэбжэпэм щыт.

- Мыр сыт, зиунагъэрэ? НэхумыщМ..

- ЛІыщІэр зи лІыщІэм ящэ къэтэдж хабзэу щытащ, - жери и нэхэр щІиукъуанцІэу кьыпогуфЫкІ. - Іуэхум нэхъыфІу щыхъщІыр пщэдджьжьымрэ пщыхьэщхьэмрэщ. Урысхэм жаІар пщІэркъэ?

Коси, коса,
Пока роса.
Роса долой -
Иди домой.

Ухуакіуэхэми апхуэдэ лэжьэкІэр нэхъ кьыдощтэ, - жиІэу Іэнатэм пэрыува Іуэ3. Пщэнтэпсэр ирикъуэкІыу лажьэри, ди нэм нэху имыльагъуэ хьуа нэужьщ щыдзыкІыжар, Іуэхур а зы махуэмкІи зэфІэмыкІыву етІуанэ пщдджьжьмэ жыІуэ кьытщІэтэджащ щытащ.

Абы хуэсшинІаеу сыхуежьамэ, и жагъуэ зэрыкьуНум и щыхьэтщ, зэрылажьэ Іэмэпсымэхэм щыщу пхъэх, джынасу, гъущІ Іунэхэч кьыскъуеШИри:

- Мыхэр си фэеплъу зехьэ, - жи.

- ЖьпІэр сыт, уанэ махуэр тезыльхьэн?! Уэ сэр нэхърэ унэхъыщІэщ. Си фэеплъ кьызыхуэнэн хуейр уэращ, - жысІэу си макъым зыщеІэгъэІэтІ:

- Кьрыренэ мыхэр. Хэт ищІэрэ, иджыри зыгуэрэр зэхэбгъэзэрыхьу аргуэру сыкъебджэн хуей хьужьыкъуэмэ, мыхэр хэтхътхыжу дыхэмыту, - жиІэу и пащІэкІэ кьыщыщІэгъфІыкІым, абыкІэ арэзы сохьу.

Ауэ иужькІи схуимыхьыжа Іэмэпсымэхэр фэеплъу кьыскъуигъанэри си ныбжьэгъу Іэзэкъыу ящІэрэ, абы и фэеплъ нэхъ лъапІэу схъумэр сытми ефІэкІ цІыхугъэ даХэу дэсльэгъуаэращ.

ЕлГъэ Кашиф, *Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ.*



Абдокъуэ Іэуес и щхьэгъусэ Риммэ. *1967 гъэ*

Іэуес ипхъу нэхъыжь Данэ. *2004 гъэ*

Іэуес ипхъу курыт Динэ. *2008 гъэ*

Іэуес ипхъу нэхъыщІэ Залинэ. *2013 гъэ*

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэзщ.

Адыгэ фащэр фIэфIу зэрихьа щхьэкIэ...

(Дюма Александр-нэхъыжьымрэ къэбэрдейхэмрэ)

● Жыжьэ - гъунэгъу

Иджыблагъэ «Адыгэ псалъэм» кыытехуащ адыгэ фащэ зыщыгъ урыс пащтыхь Николай IтIуанэмрэ франджы тхакIуэ цIэрыIуэ Дюма Александррэ я суратхэр.

***Адыгэ бзыльхугъэхэм я къэхутэныгъэ тетыдджэ, лIэщIыгъуэ Iэджэ щIауэ модэм ямыкI, Iэпхъэтхъэ нэхъ зэмылIужрэ зыгъэбелджылэ а фащэр а IуэхущIапкIэ ящыпльагъуэркъым - урыс пащтыхьым ар нэхъ екIуу щыгъэмэ, ар франджы тхакIуэм нэхъ емызэгъыу къыпфIощI, тIэкIу зэрыпшэрым къыхэкIыу. Ауэ а суратитIым дэ дигу къагъэкIар нэгъуэщIщ - тхакIуэ цIрыIуэр къэбэрдейхэм (езым адыгэ жиIэркъым) ипсу зэрагуцIамрэ я щIыхьым къэгъэзэжьа абыхэм зэрарищIамрэщ. Зи цIэр дуней псом егъэлеяуэ хэIущIыIу щыхъуа апхуэдэ цIыхум мыхъумыщIагъэ хужьитIэщ, зыгуэрхэмкIэ бгъэуэлынмэ ящхьэнчыр къыхэзэрыгъэр, апхуэдэ зыщIэм я пщIэр абы къызэрымыIэтыр дэрэ къыдгуроIуэ, ауэ, дауэ щыгъуэми, сытыми дежи нэхъыщхьэр пэжым тетынырщи, ар дымыбзыщIыныр, тхакIуэшхэм я пщIэм дыфIэмылIыкIыу ар жьитIэнырщи щхьэкIэ нэхъ тфIэжьабгъщ.**

КъэкIуХьыНЫР, нэгъуэщI къэралхэр, пъэпкъхэр зэгъэпытагъуэр Дюма зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ ильагъурт. Абы къыхэзыкIуХьащ Африкэм и къуэпIэ къэралхэу Мароккэр, Тунисыр, Алжиры, и нэгу абыхэм щыщIэкIахэри Iэзагъ хэлъу и тхыгъэ кудми къыщигъэлъэгъуэжащ. НужькIэ, щхьэусыгъуэ гъэрхэр абы ильаи, Дюма мурад ещI Урысейм къэкIуэну, кудэ щIауэ и нэ къыхэхункI, иджыри зауэр щекIуэкI Кавказым, а щIыналъэм и пъэпкъхэм зэхущIыну, сыт хуэдэ щынагъуэ а зекIуэм пымыльами. Кьежьэн и пэ къыхуэу абы Урысейм?э Кавказымрэ ятеухуауэ щыIэ тхыгъэ Iэджэм щыгъуаэз зыхунщIащ, нужькIэ аэрин пхужымыIэныж хуэдизэу абы къыхуэщхьэнжащ.

1858 - 1859 гъэхэм къиривбыдэу мазибгъу кудейщ Дюма Александр Урысейм зэрыщыIар, ауэ а зэман кIэщIым тхакIуэм кудэи зригъэзэпытауэ, ауэ ятIонэрэ къым и щыхь пэрыт Iэджэм нэIуасэ захуищIащ. Пушкин, Лермонтов, Бестужев-Марлинскийм сымэ я тхыгъэ зыбжанэ яIэ дыдэ Франджы бзэкIэ зэридзэкIащ, ахэр къыдигъэкIащ, нэхъыщхьэжырщи, а зэманым кърибудэу тхылъищу зэхэт «Кавказ» тхылъыр хьэщIапIэ зэрыщыIэм хуэдэуэ ятхащ, къыдигъэкIащ. Абы щитхахэр щэ къуэжу къэзыльытэ Урысей къэралыгъэм и унафэщIхэм я зэранкIэ, ар абы зэм къыщыдагъэкIакъым. УрысыбзэкIэ зэдзэкIауэ ар яIэ дунейм къыщытехьар, ар фIыуэ хэлэжьахьыжьауэ, 1861 гъэрщ, щытрадзари Тифлисщ. Ильэсищэ дэкIа нэужь, а къалэ дыдэм ар 1988 гъэм етIуанэу къыщыдагъэкIыжьыгъащ, франджы тхакIуэм зэритхам къызэрыщыхъэщыкI щымыIэу.

Дюма Кавказым зэрыщыIар мазищ къудейщ. Зи хьащIакъэм я бзэхэм щыщ гуэри зэримыщIэм, тэрэзыхэр сытым щыгъуи кьыгъэсбэпын хуей зэрыхъуам щхьэкIи къэмынэу, абы хуэфIэкIащ а щIыналъэм ис лъэпкъ куэдым я гъащIэм, псэукIэм, зэхэщIыкIым я щытыкIэ пэжыгъ, егъэлеяныгъэ гуэрхэр зэхъум, нэсу кьигъэзэгъуэныр, абыхэм я гъащIэм къыщыхуа Iуэху гъэщIэгъэн куэдым я хуэбар ди дежи къыхэсырыр, урысыдзэм, бгырысхэм я унафэщI цIыху цIэрыIуэ зыхуэзаэм и шIэрэлIыфэхэр, IуэхущIафэхэр зэфIигъэувэкыныр, а пIаэ хэдзыIуэм и щIыпIэ Iэджэм я тепльэм и дахагъэр, ибг пьагъэхэм я тельыджагъэр, ипс уэрэр, и ауз щынагъуэхэр, и тафэ берычэтхэр кьритхэкIынырщ.

Франджы тхакIуэр Кавказым къыщыкIуам и пIэсищэкIэ екIуэкIа зауэ емынэм и гуащIэгъэцI. Къыхэзыгъэ егъэлеяуэ зэрагъэпэпIам, хьэщIагъэ щIа гъэрахьам щхьэкIэ и дзэ тIэкIу щамы, абы хуэзэфIэкIакъым а пIы-мызэ-мыгIэу къыщIыдагъэкIари, пъэпкъым и щыхуэхэм я нэхъыбэр нобэр къызэрыкIуэм абы фIыуэ щыгъуазэу къыщIэгъуэгурыкIуэри.

И псэм дыхьа хэкур нэхъ куужу зригъэльагъуэмэ фIэтэмэну, франджы тхакIуэм мурад ещI куэд щIауэ зи хъыбар зэхих Дарьял щхьэдэхэпIэр, тхыдэм щыщIэрыIуэр, зыхуэдэр зригъэльагъуну. Бзылъхьищэхэр пыIуну ар Крестовэ щхьэдэхэпIэм нос, ауэ адэкIэ гъуэгум пищэну дзыхь ищIыркъым икIи, игу кьеуэми, абы Тифлис игъэзэжьын хуей нэхъу. Абы и зэранкIэ ар осетинхэми къэбэрдейхэми я деж нэсыркъым, и тхылъым а лъэпкъитIым ятеухуауэ щIагъуэ щыжиныIэнри абы кьыхэкIагъэнущ.

Къэбэрдейм щыщхэм Дюма Александр щахуэзар Урысейр кьызэринэкIыу тыркум и кхъух тедзапIэ «Щыщхуэ Константин» кхъухьым икIыу франджыхэм я кхъухь «Сюлли» щитIысхьарщ. ТхакIуэм псынщIэу щIыхуГъэ кхъухэуа, а кхъухьым и капитан Дагерр имыбзыщIу кхъухуеIуатэ абы дяпэкIи бгырысхэм нэIуасэ зэрызахуищIыфынур, Кавказым ис лъэпкъхэм ящыщ зым ар гъуСэ зэрахуэхъунур. Дюма Александр янэ щыкIэ кхыфIэщIащ ахэр сату IуэхукIэ Тыркум кIуэ куржы, ермэлы, имеретинхэу, ауэ, кьызэрыщIэкIамкIэ, ахэр Къэбэрдейм и щIыхухэт, щищым нэблагъэрт, здэкIуэри Истамбыл. Я лъаэм куэд щIауэ щекIуэкI зауаем и Iэпхъуэу тхакIуэм и гугъа щхьэкIэ, Дагерр кьызэрыхуIуэтамкIэ, абыхэм ящIыгъу бзылъхугъэхэр Истамбыл щащIну яшэу арт. Зэхуха псалъэхэм и пIэм краша Дюма губжьауэ Дагеррым йоупIэ: «Уэ, капитан, апхуэдэ бзаджэнагъэхэр зыпхъэхьэм уадэIуныкъуэ ара?» А упщIэм и жэуапыр капитаным и хьэзырт. Зигъэзэхуэжу абы зэрыжиIэмкIэ, и кхъухьым ис къэбэрдейхэм я паспортхэр Урысей къэралыгъуэм и хабзэхэм тету зэгъэпэщат, ящыну яшэ бзылъхугъэхэм ящыщ гуэри лей кьыльысу жиIэу къэтхъэусыхатэкъым. Капитаным и псалъэхэр зи фIэщ хуэда Дюмар ар щIигъэкъэзыщIэм щхьэусыгъуэ щымыIэжу кьиIульташ.

Франджы кхъухьым кьызэрыщIэкIыжу Дюма щхьэпэуащ къэбэрдейхэр ирагъэпытагъуну. Ахэр кхъухьым и гъабжьэ дыдэм зэрисыр кьыщыкраIэм, абы кIэ кIуэну нунэIат, ауэ кьэбэрдейхэр псори зэгъэсу кхъэзэрыщIэкIынур кьыщыжраIэм, абыхэм япэпльэу кхъэзэтеувыIащ. Кудэ мыщIэуи трюмым кьрашрин пазуфэм кьытехьащ я ныбжькIэ илъэсипщIым кьыщыщIэдзауэ тIощым нэс зи ныбжь, хьиджабз пщIейм нызэрыхьэс гуп, якъакIэ хужь зыгъэтет «Iлыжь гуэр я пашэу. Жьы кьабзэкIэ бауэу ахэр зыкъомрэ абы тетащ, нужькIэ, тхакIуэм зэриткъмкIэ, «егъэлеяуэ щыкIафIэу» ахэр трюмым ехьжащ.

Нэхъ гъунэгъуу нэIуасэ захуищIыну и муратди, ахэр зэрыс трюмым ирагъэхну Дюма щIэтъэIуат, ауэ абы мэ бзаджэ зэрыщIатыкъыхэкIкIэ, ар тхакIуэм хуагъэхакъым, и щIыхьэпIэр Iуахыу щIагъэпIъа мыхьуэ. Абы щIыIэгъуэр тхакIуэм мыпхуэдэу кьеIуэтэж: «Щыхухъуэхэмрэ щIыхуБзэхэмрэ гуп щIыкIуурэ унагъуэ зэхэст, махуэ псом замыгъэхьейуэ щыст ахэр, пщэдджыжьыкIэрэ къыщIащIурэ тIэкIу ягъэбгъуэу нэхъапэIуэкIэ сльэгъуам и гугъу умыщIэ».

НужьыуэкIэ, пщыхьэщхьэшхэ ящIу здэщысым, къэрэгъуэ подшкIперыр кьыщIэпэщIащ, икIэщIыпIэкIэ дохутырыр трюмым ехьи хуейуэ щIэлъэIуу. Къохъуам капитаныр щыщIэупщIэм, Iуэхур зытетыр абы къыщыIуэтащ, КъызэрыщIэкIамкIэ, къэбэрдей старшинатIыр къамэкIэ зэзэуэрэ, зым и нэкIур къриупщIэхат. Дагерр унафэ ищIащ дохутырыр кIуэу ягъэгъэ зытетым хуэдэ IуэхущIэну, зыуIам лъэхъу ирапхъэу зыщIыпIэ щIадзэну.

Къэзыгъэзэжа дохутырым къэхуэар тэмэму Дагерр кьыхуIуэтэжащ, ауэ абы и псалъэр щиух дыдэм зэрэмэщIыр кьыщIэльадэри, къэбэрдей лIыкIуэхэр кьыIуащIэну зэрыльагъэр кьыптаным кьыжьрIащ, КьыщIыхьэну хуит щищIым, пэшым липлI кьыщIэбгъэкъуащ. ЛъэIуакIуэ кьызэхуIуахэр зыхуейр ягъэтIысха я старшинар кьыраГъэуатIыпщыжьынырт. Ар капитаным щахуимыдэм, абыхэм жаIащ зэ ззэуахэр зэрыбгырысхэр, франджы судым абы и Iуэху зэрыхъэмыкIыу зэрыжьа я щIыхум езыхэм я хабзэм тету тезыр трапъхьэну зэрамурадыр.

ТхакIуэм зэритхымкIэ, Дагерр цIыху ткIий гуэрт, кьызэкIуахэм я лъэIур игъэззэщIну муради иIэтэ-къым. И хьэщIэхэм яжриIащ кхъухьым Франджым и хабзэхэм фIэкI зэрыщыземыкIуэр, «Сюлли»-м кьыщитIысхьа дакъикъэм кьыщыщIэдзауи псорн абы тетын зэрыхуейр, кьыфIагъэкIмэ, «цIыху щхьэхуитныгъэм сату иризыщIэм» нэхъ ленж зэрарищIэнур.

Пэшым ахэр зэрыщIэкIыжрэ куэд щIатэкъым, подшкIперыр гужьеяуэ капитаным аргуэру кьыщIыхуэжам. Абы зэрыжиIэмкIэ, кьэбэрдейхэм зыкъыIэтащ, я хэкуэгъур щхьэхуит икIэщIыпIэкIэ къамыщIыжмэ, къарукIэ кьызэрытрахьыжынур, езыхэр нэхъыбэ зэрыхуэхур, Iэщи гъунэжу зэрагъэ кьыхэзэрыщу. Ар зэхэзыха, абы игъэшына капитаным епIэщIэкIыу унафэ ещI кьэбэрдейхэр зэрыс трюмым и щхьэр ирихьэжауэ икIи абыхэм бжьамийкIэ псывз щIагъэльэдэну.

Дагерр апхуэдэ унафэ ищIри, абырэ Диомарэ капитаным и каютэм щIэтIысхьажу, Iуэхуитныгъэр зэрагъэгъэгъуэ ирафу. Бжьэ зырыз фIэкIа ефауэ кьыщIэкIынтэкъым, щхьэфэщыр игъэтэжу цIыху куэдым я кIий, гуо, гъз макъэр кьыщыIуам. Ар зищIысхьа якIэ тхакIуэр капитаным щеупщIым, абы кьыжреIэ: «Ахэр къэбэрдейхэрщ, машинистым псы кьэкъуалъэ абыхэм ящIекIэ». Ар зэхэзэхъ, а щIыхугъэншагъэр зи нэгу щIэкI Дюма екIи фIыкIи зыри жиIэркъым, а щIэпхьаджагъэр кьызэтригъэувыIэркъым, и зы псалъэкIэ абы ар хуэзэфIакIыну щытэп. А тIур зыщIэс пэшым тэрмэшыр куэд мыщIэу кьыщIохьэ. «ЗыкъзэпIэтахэр дауэ щыт?» - жиIэу абы щеупщIым, кьыжреIэ: «Ар капитаным кьыщIэзэрыхуагъэтIыпльыр. Абы и уэжькIэ трюмым псывэ щIэкIэнчыр кьызэтрагъэувыIэну Дагерр унафэ ящIыр.

Франджы капитаным щIыхуГъэм кьыпхуемыгъэзэгъэ бзаджэнаджагъэ псоми яльагъуу зыкIэлъызэрихьа къэбэрдей щищым ятеухуауэ щIадзауи хэмэнэ Диома Александр и тхылъым и гугъу щищIыркъым, а насыпшIэхэм я натIэ хэуар зэхэнгъэкIыну гъэзэжьыну щыта пэтми. А тIур зыщIэс пэшым тэрмэшыр куэд мыщIэу кьыщIохьэ. «ЗыкъзэпIэтахэр дауэ щыт?» - жиIэу абы щеупщIым, кьыжреIэ: «Ар капитаным щIыхуГъэм кьыпхуемыгъэзэгъэ бзаджэнаджагъэ псоми яльагъуу зыкIэлъызэрихьа къэбэрдей щищым ятеухуауэ щIадзауи хэмэнэ Диома Александр и тхылъым и гугъу щищIыркъым, а насыпшIэхэм я натIэ хэуар зэхэнгъэкIыну гъэзэжьыну щыта пэтми. А тIур зыщIэс пэшым тэрмэшыр куэд мыщIэу кьыщIохьэ. Абдеж щыIэзэхуэщ балъкъэрхэм зэрызаужьыжыр зыгъэлъэIэну гупыкъ ящIыгъ. Ар зэрыгъэгъэ ирагъэпытагъуну. Ахэр кхъухьым и гъабжьэ дыдэм зэрисыр кьыщыкраIэм, абы кIэ кIуэну нунэIат, ауэ кьэбэрдейхэр псори зэгъэсу кхъэзэрыщIэкIынур кьыщыжраIэм, абыхэм япэпльэу кхъэзэтеувыIащ. Кудэ мыщIэуи трюмым кьрашрин пазуфэм кьытехьащ я ныбжькIэ илъэсипщIым кьыщыщIэдзауэ тIощым нэс зи ныбжь, хьиджабз пщIейм нызэрыхьэс гуп, якъакIэ хужь зыгъэтет «Iлыжь гуэр я пашэу. Жьы кьабзэкIэ бауэу ахэр зыкъомрэ абы тетащ, нужькIэ, тхакIуэм зэриткъмкIэ, «егъэлеяуэ щыкIафIэу» ахэр трюмым ехьжащ.

НужьыуэкIэ, пщыхьэщхьэшхэ ящIу здэщысым, кьэрэгъуэ подшкIперыр кьыщIэпэщIащ, икIэщIыпIэкIэ дохутырыр трюмым ехьи хуейуэ щIэлъэIуу. Къохъуам капитаныр щыщIэупщIэм, Iуэхур зытетыр абы къыщыIуэтащ, КъызэрыщIэкIамкIэ, кьэбэрдей старшинатIыр кьамэкIэ зэзэуэрэ, зым и нэкIур кьриупщIэхат. Дагерр унафэ ищIащ дохутырыр кIуэу ягъэгъэ зытетым хуэдэ IуэхущIэну, зыуIам лъэхъу ирапхъэу зыщIыпIэ щIадзэну.

Къэзыгъэзэжа дохутырым къэхуэар тэмэму Дагерр кьыхуIуэтэжащ, ауэ абы и псалъэр щиух дыдэм зэрэмэщIыр кьыщIэльадэри, къэбэрдей лIыкIуэхэр кьыIуащIэну зэрыльагъэр кьыптаным кьыжрIащ, КьыщIыхьэну хуит щищIым, пэшым липлI кьыщIэбгъэкъуащ. ЛъэIуакIуэ кьызэхуIуахэр зыхуейр ягъэтIысха я старшинар кьыраГъэуатIыпщыжьынырт. Ар капитаным щахуимыдэм, абыхэм жаIащ зэзэуахэр зэрыбгырысхэр, франджы судым абы и Iуэху зэрыхъэмыкIыу зэрыжиIэр. Ар жьа я щIыхум езыхэм я хабзэм тету тезыр трапъхьэну зэрамурадыр.

ТхакIуэм зэритхымкIэ, Дагерр цIыху ткIий гуэрт, кьызэкIуахэм я лъэIур игъэззэщIну муради иIэтэ-



Къантемыр Ларисэ

Тхыдэ суратхэр яфIэгъэщIэгъуэнщ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

ГуфIэгъуэ нэпсри нэщхъеягъуэри зэщIэту

КъБР-м и Лъэпкъ музейм гуфIэгъуэ зэхьыхьэ щекIуэкIащ, балъкъэрхэм заужьыжьымэ и махуэр ирагъэлъэпIэу, Iуэхущ1ыпIэм и пащыщхуэм утыку къыщрахьат лъэпкъым и нобэр, нэхъыбэу - и блэкIар къзэгъэлъэгъуэ хьэпшып зэмылIужьыгъуэхэр. Ахэр къызэрагъэпэщар музейм и къудамэм и унафэщI Деппуевэ Азиззщ.

Гъэлъэгъуэныгъэм щыплIьагъуэхэм уи нэгу кьыщIагъэхьэрт и хэкум имысыж лъэпкъыр хамэ щынальэхэм гугъу зэрыщехьар, псэун папщIэ си жьмыхьа Iуэхуэр зызрамыпщытарэ зэрыщымыIэжыр. Пхъэм кьыхэщIыкIа хьэкъущыкъуэхэр, кумбыгъэ зэмылIужьыгъуэхэр, кIагуэ дытам ещхь цIыхуб къэпталыр, шылэхъар IэльэщIышхэр, нэгъуэщIхэри зэрызагъэдаху, зэрызагъафIэ хьэпшыпхъэм. Ар бощIэри, абыхэмкIэ щIыIэмрэ мэжащIалагъэмрэ зыщыщыхъуа цIыхухэм гущIэгъу яхубощI, плъэмыкIыуи я тхыдэм щыщ а Iыхьэм уегъэгупэ.

ЕтIуанэI пэшым и блынхэм фIэльщ хэкум ирахуу къэзымыгъэзэжахэм, судыншэу ягъэкIуэдахэм я суратхэр, тхыгъэ кIэщI ящIыIуэу. ЖьпIэнуракъэ, гур зыгъэхуабэ хэтхъым, суратым кIэщI адэшхуэ-анэшхуэхэм, адэанэхэм, сабийхэм я щхьэм кьрикIуам иджы дыщыгъуаэщи.

Псэщ1э къыщыпхохьэж етIуанэ къатым и пэIущIэ пэшым. Абдеж щыгъэхуэсащ балъкъэрхэм зэрызаужьыжыр зыгъэлъэIэну гупыкъ зыщIагъэхэр. Музейм и къудамэм и унафэщI Къантемыр Ларисэ зэIущIэр къыщыдзэIуихыьм жиIащ мазхуэшхуэхэр гъэлъэпIэныр хабзэ дахэ зэрахуэхъуар, абы студентхэр, хьэщIэ лъапIэхэр къызэрыхуеблагъэр. «Нобэрей зэIущIэм музейм и лэжьакIуэхэм я сабийхэр хэтщ, кьызэджэну усэхэри ещхэм къыдгурокIуэ, - жиIащ Ларисэ.

Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ехьэлIа фэеплъхэр зыхъумэ Урысейпсо зэгухэзнытыгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Созаев Ахъмэт тепсэльыхьащ кьызыхэкIа лъэпкъым и щхьэм къикIуа мыгъуагъэм, ар зыхэта бэлыхь куэдым залым зэримыщIам, гъащIэ дахэ зэрауухэжам, балъкъэр бзыльхугъэм лъэпкъыр кьригъэлауэ кьызэрильытэм. И псалъэхэр ирищIигъэбыдэ щыкIэу, и зы усэ кьеджащ.

Ингуш усакIуэ Чаниевэ Тамарэ кьыхигъэщащ кьызыхэкIа лъэпкъри хэкум ирашахэм зэращыщым кьыхэкIыу, а махуэр езыми ейуэ кьызэрильытэр, зэIущIэм кьызэрыгагъэблагъар и гуапэ зэрыхъуар. «Мы зэхьхьэм зыщIыгъэгъупщапхъэ, ауэ зыщIэгъэгъупщапхъэ Iэмал зимыIэ Iуэхур уигу кьегъэкIыж», - жиIащ абы.

«Кабардино-Балкария» уэрэдым щIэту къэфащ Нало Алийрэ Чочаевэ Лидэрэ, апхуэдэуи усэхэм кьеджащ. Балъкъэр усакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIэм кьызэхуэсэхэр щIагъэдэIуащ Бацулие Анастасие, Теркуловэ Бэлрэ, ГъуэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и студенткэхэу Атмурзаевэ Аминатрэ Чапаевэ Мариямрэ.

Пшыхьым кьрихьэлIэхэм я нэпс къригъэкIуащ музейм и лэжьакIуэ Джатауэ Жануса и гукъэкIыжкэм. Жануса и анэшхуэр балъкъэрт, и лъэпкъэгъуэхэр хэкум щрашым езыр яхэмыхуам, и благъэзэм щхьэкIэ и гур хэщIу, зы тхыгъэ кIапэ кьыIэрихьэхукIэ тепыхьэу, Жбырэ абыхэм жэуап иригъэту псэуащ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Суратхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Ныбжьыщ1эхэр къофэ.

Мэлыжьыхьым екIуэкIыну зэIущIэхэр

АПЭ ДИВИЗИОН

Ещанэ джэгуэгъуэ

Мэлыжьыхьым и 4
(мэрем)
«Шинник» (Ярославль) - «Газовик» (Оренбург)
«Химик» (Дзержинск) - «СКА-Энергия» (Хабаровск)
«Уфа» (Уфа) - «Енисей» (Красноярск)
«Ангушт» (Назрэн) – «Сибирь» (Новосибирск)
«Нефтехимик» (Нижнекамск) - «Динамо» (Санкт-Петербург)
«Алания» (Владикавказ) – «Мордовия» (Саранск)
«Балтика» (Калининград) - «Торпедо» (Москву)
«Луч-Энергия» (Владивосток) - «Ротор» (Волгоград)
«Салют» (Бэлгород) - «Спартак-Налшык» (Налшык)

Щ1эщIэр ещанэ джэгуэгъуэ

Мэлыжьыхьым и 9
(бэрэжьей)
«Динамо» - «Алания»
«Сибирь» - «Нефтехимик»
«Енисей» - «Ангушт»
«СКА-Энергия» - «Уфа»
«Газовик» - «Химик»
«Ротор» - «Салют»
«Торпедо» - «Луч-Энергия»
«Арсенал» (Тулэ) - «Балтика»
«Спартак-Налшык» - «Шинник»

Щ1эщIэр етIуанэ джэгуэгъуэ

Мэлыжьыхьым и 14
(блыщхэ)
«Химик» - «Шинник»
«Уфа» - «Газовик»
«Ангушт» - «СКА-Энергия»
«Нефтехимик» - «Енисей»
«Алания» - «Сибирь»
«Балтика» - «Мордовия»
«Луч-Энергия» - «Арсенал»
«Салют» - «Торпедо»
«Ротор» - «Спартак-Налшык»

Щ1эщIэр етIунэ джэгуэгъуэ

Мэлыжьыхьым и 20
(гъэмахуэ)
«Динамо» - «Балтика»
«Енисей» - «Алания»
«СКА-Энергия» - «Нефтехимик»
«Газовик» - «Ангушт»
«Шинник» - «Уфа»
«Торпедо» - «Ротор»
«Арсенал» - «Салют»
«Спартак-Налшык» - «Химик»

Мэлыжьыхьым и 21
(блыщхэ)
«Мордовия» - «Луч-Энергия»

Щ1эщIэр еплIанэ джэгуэгъуэ

Мэлыжьыхьым и 25
(мэрем)
«Уфа» - «Химик»
«Ангушт» - «Шинник»
«Нефтехимик» - «Газовик»
«Алания» - «СКА-Энергия»

● Футбол

«Балтика» - «Сибирь»
«Салют» - «Мордовия»
«Ротор» - «Арсенал»
«Торпедо» - «Спартак-Налшык»

Мэлыжьыхьым и 26
(щэбэт)
«Луч-Энергия» - «Динамо»

Щ1эщIэр етхуанэ джэгуэгъуэ

Мэлыжьыхьым и 30
(бэрэжьей)
«Мордовия» - «Ротор»
«Динамо» - «Салют»
«Сибирь» - «Луч-Энергия»
«Енисей» - «Балтика»
«Газовик» - «Алания»
«Шинник» - «Нефтехимик»
«Химик» - «Ангушт»
«Спартак-Налшык» - «Уфа»
«Арсенал» - «Торпедо»

Гузэмытыпэхэр: Зэхьэзэхуэм хэкIыжа Владикавказ и «Алания»-мрэ Белгород и «Салют»-мрэ адэжь хъэрихуэрэгъу хахуэхъунухэр 3:0-у ятекIуауэ ябжьащ.

Ди газетым и къыкIэлтыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мэлыжьыхьым 5-рщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Мариндж

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаго Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Мариндж, НэщIэныдж Замир, Хьэжькъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ - 42-22-86; кьулаж гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писмохэмкIэ - 42-22-88; е гъэджэнымрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; суратхэхьэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщIихьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэныту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаугъэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хьэмэныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэмхьащ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 4, 6-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3, 5-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр щIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *суратхэм елэмхьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм зыщIахьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, цытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.687 ● Заказ №629